

## Tab de Matyè

Tab de Matyè	Paj 1
Prefas	Paj 3
Entwodiksyon	Paj 5
Twa Doktrin Sou Rèy Milenè A	Paj 10
Twa Doktrin Sou Anlèvman Legliz	Paj 16
Tribilasyon	Paj 21
Anlèvman Legliz	Paj 26
Batay Amagedon An	Paj 48
Antikris	Paj 51
Rèy Milenè	Paj 61
Dènye Rebelyon an	Paj 63
Jijman Gran Twòn Blan	Paj 65
Nouvo Tè Ak Nouvo Syèl	Paj 67



## Prefas

Nou ta renmen egzaminen konesans ou sou yon sijè ke tout moun konnen, se istwa nesans Jezi. Menm si yon moun pa janm vin legliz, genyen anpil chans ke moun sa a tande istwa nesans Jezi, paske anpil moun fete Nowel ki se jou sa a ke lèzòm chwazi pou fete nesans Jezi.

**Kesyon 1:** Lè Jezi te fin pran nesans, konbye nèg save (maj) ki te vin wè Li?

**Kesyon 2:** Kibò osinon nan ki plas ke Jezi te ye lè nèg save sa yo te vin wè Li?

**Kesyon 3:** Anviron ki laj osinon konkyen jou Jezi te genyen lè mesye sa yo te vin wè li?

Kle 1:M2:1

Kle 2:M2:11

Kle 3:M211-14L2:21-22,39Le12



## Retou Jezi

Youn nan pi gwo evenman ki te pase sou tè a, se premye vini Jezi sou tè a. Li te pran nesans nan yon pak zannimo; sou 8 jou, Jozèf ak Mari te prezante Li nan tanp lan e Li te sikonsi jan lalwa te mande pou sa te fèt. Li te grandi nan yon fanmi jwif e Li te kòmanse ministè l lè Li te genyen environ trant (30) tan. Apre twa (3) zan edmi nan ministè l, Li te mouri, Li te leve epi Li te retounen nan syèl kote Papa Li. Sa ke nou bezwen konprann sè ke objektiv premye vini Jezi a, se te pou Li te vin mouri pou peche lèzòm pou Li te kapab sove tout moun ki mete konfyans yo nan Li. Men Jezi te fè trann twa (33) zan edmi sou tè a anvan ke Li te akonpli sa ke Li te vin fè a ki se te mouri pou peche lèzòm. Te genyen anpil pwofesi ki te akonpli nan premye vini Jezi a ki montre ke se Li menm ke tout pwofèt yo te pwofetize sou Li a.

Ezayi te pwofetize: « *Enben! Se Seyè a menm ki pral ban nou yon siy. Men li: Jenn tifi ki ansent lan pral fè yon pitit gason, l'a rele l' Emannwèl (ki vle di: Bondye avèk nou).* » (**Ezayi 7: 14**)

Pwofesi sa a te akonpli nan **Lik 1: 34 ak 35**

« *Mari di zanj lan konsa: Ki jan sa pral fè rive? Ala mwen poko janm konn gason! Zanj lan reponn li: Sentespri a pral vin sou ou; pouvwa Bondye ki anwo nan syèl la pral kouvri ou tankou yon lonbraj. Se pou sa tou, tipitit ki pral fèt la pral viv apa pou Bondye, y'a rele l' Pitit Bondye.* »

Jenn tifi Ezayi tap pale a, se te Mari; pitit gason an, se Jezi.

Zanj ki te vin pòte nouvèl nesans Jezi a bay Mari a te bay yon pwofesi tou:

« *Ou pral vin ansent, ou va fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. L'ap vin yon grannèg, y'a rele li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l' wa tankou David, gran granpapa li. La gouvènèn pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman l' lan p'ap janm fini.* » (**Lik 1: 31-33**)

Ezayi te pwofetize menm bagay la tou:

« *Nou gen yon ti pitit ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. Se li menm ki pral chèf nou. Y'a rele l': Bon konseye k'ap fè bèl bagay la, Bondye ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an, Wa k'ap bay kè poze a! Gouvènman li p'ap gen finisman. Nan peyi l'ap gouvènèn an se va kè poze san rete. L'ap chita sou*

*fotèy wa David la. L'ap gouvènen peyi wa David la. L'ap fè gouvènman an byen chita, l'ap ba li bon pye paske l'ap fè sa ki dwat. Li p'ap nan patipri, depi koulye a jouk sa kaba. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki soti pou fè tou sa rive vre!*  
 » (Ezayi 9: 6-7)

Nou kapab wè ke Ezayi te pwofetize ke gen yon ti gason ki gen pou li fèt e ti gason sa a, se Bondye menm ke Li ye. Ti gason an gen pou li vin wa pèp Izrayèl la. Pèp jwif la konnen pwofesi sa a byen. Yo te toujou ap tann pou Mesi a vini; yo te aprann nan ansyen testaman an ke Mesi a gen pou Li vini pou vin gouvène peyi yo a. Zanj lan te fè Mari konnen ke se Jezi ki Mesi a; se Jezi ki genyen pou Li vin wa pou Li gouvènen pèp Izrayèl la.

Nan istwa fanm samaritèn nan ke nou jwenn nan **Jan 4** lan, nou kapab wè ke tout moun tap tann pou Mesi a vini. Nou wè ke fanm nan te konnen ke Mesi a gen pou Li vini lè nou li **Jan 4: 25-26** ki di konsa: « *Fanm lan di li: Mwen konnen Mesi a, moun yo rele Kris la, gen pou l' vini tou. Lè la vini, la esplike nou tout bagay sa yo. Jezi reponn li: Mwen menm k'ap pale avè ou la a, mwen se Kris la.* »

An nou gade kisa andre te fè apre li te kontre ak Jezi.

*« Andre, frè Simon Pyè a, te yonn nan de moun ki te tandè sa Jan te di a epi ki te swiv Jezi. Premye moun Andre rankontre se te Simon, frè li. Li di li konsa: **Nou jwenn Mesi a (ki vle di: Kris la).** Li mennen Simon bay Jezi. Jezi gade l', li di: Se ou menm Simon, pitit Jan an? Y'a rele ou Sefas. (Se menm bagay ak Pyè, ki vle di wòch.) » (Jan 1: 40-42)*

Pèp Izrayèl la te konnen ke genyen yon nonm kap sòti nan ras wa David kap vin etabli yon gouvènman kap dire pou toutan. Nan tan Jezi te parèt sou tè a, se te Wòm ki tap gouvènen lemonn. Izrayèl te anba dominasyon women yo. Yo tap tann pou Mesi a te vini kraze women yo pou yo te kapab jwenn libète yo anba women yo e se Mesi sa a ki ta pral gouvènen yo.

Nan **Matye 20**, nou wè yon konvèsasyon ke Jezi te genyen ak yon madanm.

*« Lè sa a, manman pitit Zebede yo pwoche bò kote Jezi ak pitit li yo. Li bese tèt li byen ba devan Jezi pou mande l' yon favè. Jezi di li: Kisa ou vle? Madanm lan reponn: Men de pitit mwen yo. Bay lòd pou yo chita, yonn sou bò dwat ou, lòt la sou bò gòch ou, lè ou va wa. » (Matye 20: 20-21)*

Madanm nan, menm jan ak anpil lòt moun yo te gen konfyans ke Jezi tap vin wa, men sa ke yo pat konprann, sè ke lè a pat ankò rive pou Jezi te chita sou twòn wa David la jan ke pwofesi yo te anonse li a. Se nan dezyèm vini Li an ke Jezi ap vin etabli gouvènman ki pap janm fini an.

Nan premye vini Li an, Jezi te vini tankou yon mouton pou li te vin soufri e mouri pou peche lèzòm. Dezyèm vini an osinon retou Li an ap diferan; fwa sa a, Jezi ap vini pou li jije lemond e pou li etabli gouvènman Li an.

Jezi Li menm te konnen ki travay ke Li te vin fè; Li te konnen ke lè a pat ankò rive pou Li te vin jije lemond e pou Li te pini mechan yo.

Ezayi te ekri liv ki pòte non li an anviron sèt san (700) tan avan Jezi te fèt. Poutan, nan **Ezayi 61**, nou wè yon pwofesi ki fèt e se kòm si se Jezi menm kap pale nan pasaj la. Li di konsa:

*« Lespri Bondye, Seyè a, desann sou mwen. Paske Seyè a chwazi m', li voye m' pou m' anonse bon nouvèl la bay moun ki nan lapenn yo, pou m' geri tout moun k'ap soufri yo, pou m' fè tout moun yo te depòte yo konnen yo delivre, pou m' fè tout prizonnye yo konnen pòt prizon louvri pou yo. Li voye m' anonse lè a rive pou Seyè a vin delivre pèp li a, **jou a rive pou Bondye nou an vin tire revanj pou nou.** » (Ezayi 61: 1-2)*

Sèt san (700) tan pita, an nou li sa ki pase lè Jezi antre nan sinagòg nan lavil Nazarèt la.

*« Yo renmèt li liv pwofèt Ezayi a. Lè li louvri l', li jwenn kote ki te ekri: Lespri Bondye a sou mwen. Li chwazi m' pou m' anonse bon nouvèl la bay pòv yo. Li voye m' pou m' fè tout prizonnye yo konnen yo lage, pou m' fè tout avèg yo konnen yo kapab wè ankò, pou m' delivre moun y'ap maltrete yo, pou m' fè yo konnen lè a rive pou Bondye vin delivre pèp li a. » (Lik 4:17-19)*

**Lik 4: 20 - 21** di :

*« Apre sa, Jezi fèmen Liv la, li renmèt li bay moun ki t'ap ede nan sèvis la. li al chita. Tout moun ki te nan sinagòg la te gen je yo fikse sou li. Lè sa a li kòmanse di yo: Jòdi a, pandan n'ap tande pawòl ki ekri la a, li rive vre. »*

Jezi fè moun yo konnen ke pwofesi ki te fèt sèt san (700) tan anvan an te akonpli nan jou sa a menm. Men si nou gade byen, nap wè ke Jezi pat fin li tout sa ki te

ekri a. Si Jezi te kontinye li tout pasaj la, Li tap oblije li: « *jou a rive pou Bondye nou an vin tire revanj pou nou* »

Jezi te konnen jou sa a pat ankò rive, konsa Jezi te kanpe lekti a.

Men gen yon jou kap rive kote ke Bondye ap vin tire revanj sou tout mechan. Se jou ke Jezi ap tounen nan tout glwa Li pou Li vin jije lemonn

Nan tablo ki genyen 2 pasaj yo an fransè a, gade diferans nan 2 pasaj yo.

Luc 4	Ésaïe 61
L'Esprit du Seigneur est sur moi	L'esprit du Seigneur, l'Éternel, est sur moi
Parce qu'il m'a oint pour annoncer une bonne nouvelle aux pauvres;	Car l'Éternel m'a oint pour porter de bonnes nouvelles aux malheureux;
Il m'a envoyé pour guérir ceux qui ont le coeur brisé,	Il m'a envoyé pour guérir ceux qui ont le coeur brisé,
Pour proclamer aux captifs la délivrance, (Et aux aveugles le recouvrement de la vue)	Pour proclamer aux captifs la liberté
Pour renvoyer libres les opprimés,	Et aux prisonniers la délivrance;
Pour publier une année de grâce du Seigneur.	Pour publier une année de grâce de l'Éternel,
	Et un jour de vengeance de notre Dieu;

Retou Jezi, se yon lòt evenman ki poko rive men ki va pi gwo ke evenman premye vini Jezi a. Mwen pa kwè ke ap genyen yon pi gwo evenman ke tounen Jezi a. Genyen anpil pwofesi ki te fèt sou premye vini an e genyen anpil pwofesi ki fèt sou retou Jezi a tou. Retou Jezi a, se espwa tout kretyen; se sa ke tout kretyen ap tann paske yo konnen ke yo pral viv avèk Sovè yo a pou toutan.

Menm jan ke te genyen anpil bagay ki te rive nan premye vini Jezi a tankou nesans Jezi, mirak Li yo, lanmò e leve sòti nan tonbo a. Se menm jan an tou, nan retou Jezi, genyen anpil bagay ki gen pou rive tou ak diferan karaktè kap parèt sou sèn nan.

Nou genyen pou aprann de bagay sa yo:

- 1) Anlèvman legliz



- 2) Tribilasyon.
- 3) Retou Jezi sou tè a ansanm ak legliz.
- 4) Mil ane rèy Jezi a
- 5) Satan lage pou yon ti tan.
- 6) Jijman moun mouri yo.
- 7) Nouvo syèl ak nouvo tè.

Jan ke nou gade ke nan premye vini Jezi, nou jwenn nesans Li jiska jou ke Li te tounen nan syèl la kòm yon evenman. Nou pral gade anlèyman legliz, tribilasyon, rèy milènè, etcetera, kòm yon gwoup evenman ki fè pati yon pi gwo evenman ki se retou Jezi a. Menm jan ak premye vini Jezi a, ap genyen plizyè ti evenman ki fè pati de gwo evenman sa a. Sa pa vle di ke anlèyman legliz se yon ti bagay piti li ye, men se sèlman lè nou konsidere tout evenman yo, anlèyman legliz se yon pati li ye nan gwo evenman retou Jezi a.

Genyen anpil doktrin sou sijè sa a. Anpil gwo pwofesè bibliik pa ka rive dakò youn ak lòt sou tout pwèn ki genyen nan sijè retou Jezi a. Men, bagay enpòtan pou nou pa bliye, se sa Pòl te di nan **1 Korint 13: 9** ki di konsa:

*« Paske, sa nou konnen, nou pa fin konnen l' nèt. Ata mesaj ki soti nan Bondye yo, nou pa fin bay yo nèt. »*

Nou pa konnen tout bagay nèt, se yon ti pati ke nou konnen. Konsa, yon moun gen dwa pa genyen menm opinyon avèk ou sou yon sijè; sa pa vle di ke moun nan se yon move moun li ye osinon moun nan pa kretyen. Se sèlman ke genyen yon seri de bagay nan Bib la ke pa genyen pèsòn ki konprann yo nèt. Gen de fwa, fòk nou dakò ke nou tout pap janm dakò ak menm bagay la.

## Twa Doktrin Sou Rèy Milenè A

« *Nou gen yon ti pitit ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. Se li menm ki pral chèf nou. Y'a rele l': Bon konseye k'ap fè bèl bagay la, Bondye ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an, Wa k'ap bay kè poze a! Gouvènman li p'ap gen finisman. Nan peyi l'ap gouvènen an se va kè poze san rete. **L'ap chita sou fotèy wa David la.** L'ap gouvènen peyi wa David la. L'ap fè gouvènman an byen chita, l'ap ba li bon pye paske l'ap fè sa ki dwa. Li p'ap nan patipri, depi koulye a jouk sa kaba. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki soti pou fè tou sa rive vre!* » (Ezayi 9:6-7)


« *Ou pral vin ansent, ou va fè yon pitit gason. Wa rele l' Jezi. L'ap vin yon grannèg, y'a rele li Pitit Bondye ki anwo nan syèl la. Mèt la, Bondye nou, va fè l' wa tankou David, gran granpapa li. **La gouvènen pèp Izrayèl la pou tout tan, gouvènman l' lan p'ap janm fini.** » (Lik 1:31-33)*

Ni ansyen testaman an, ni nouvo testaman fè konnen ke Jezi gen pou Li chita sou fotèy wa David la pou Li gouvènen pèp Izrayèl la pou tout tan. Men sa pat fèt premye fwa Jezi te vini an, se nan retou Jezi a ke sa pwal fèt. Nan kesyon rèy milenè sa a, genyen twa doktrin ke pwofesè yo anseye. Yo se:

- a) Pos-Milenè
- b) Kont-Milenè
- c) Pre-Milenè

### Kisa doktrin sa yo anseye?

#### Pos-Milenè



(Fig 1)

Doktrin sa a di ke se Legliz kap rive nan yon pwen pou li gouvènen tè a pandan mil ane. Konsa, moun ki asepte doktrin Pos-Milenè a kwè ke avèk levanjil kòm zouti, legliz ap rive chanje lemond kote ke ap rive genyen lapè sou latè pandan mil ane. Epi, Jezi ap tounen sou tè a apre mil ane wayòm nan.

Men lè nou gade nan Bib la, nou pa wè okenn vèsè ki apiye doktrin sa a tout bon vre. Okontrè, nou wè ke Bib la di nou ke anvan Jezi tounen, bagay yo ap vin pi mal sou latè. Pòl te bay Timote avètisman sa a:

*« Mete sa byen nan tèt ou: nan dènye jou yo, tan an pral difisil anpil. Moun pral fè rayisab, y'ap renmen lajan, y'ap fè grandizè, lògèy ap vire tèt yo, y'ap pale Bondye mal, y'ap dezobeyi papa ak manman yo, y'ap engra, y'ap san okenn respè pou bagay Bondye. Kè yo ap di, y'ap san pitye, y'ap pale moun mal, y'ap fè gwo kòlè, y'ap brital. Yo p'ap vle wè sa ki byen menm. Y'a mòde an trèt, y'a fè kòlè fasil, lògèy va gonfle lestonmak yo. Y'ap pito plezi pase sèvis Bondye. Y'ap fè tankou y'ap sèvi Bondye. Men, yo pa kwè nan pouvwa Bondye a tout bon vre. Pa mele ak moun konsa menm. » (2 Timote 3:1-5)*

Men kisa Jezi di nan yon konvèsasyon ak disip yo.


*« Jezi te chita sou mòn Oliv la. Disip li yo te pou kont yo avèk li. Yo pwoche bò kote l', yo mande li: Manyè di nou kilè sa va rive? Di nou ki siy ki va fè nou konnen lè w'ap vini an, lè tan sa a va fini nèt?*

*Jezi reponn yo: Atansyon pou pesonn pa twonpe nou. Paske, anpil moun va vini sou non mwen, y'a di se yo menm ki Kris la. y'a twonpe anpil moun. Nou pral tandè lagè ap fèt toupre nou, ansanm ak nouvèl lagè k'ap fèt byen lwen. Koute sa m'ap di nou byen: nou pa bezwen pè. Paske, fòk bagay sa yo rive. Men, se p'ap ankò lafen an sa. Yon pèp pral leve goumen ak yon lòt pèp. Yon peyi va atake yon lòt peyi. Va gen anpil grangou, va gen tranblemanntè divès kote. Tou sa, se va tankou tranche anvan akouchman. » (Matye 24:3-8)*

Lè nou konsidere vèsè sa yo, nou pa wè okenn rezon pou nou ta kwè ke Legliz ap pran otorite sou latè anvan Jezi tounen. Konsa, ak tout respè pou moun ki kwè nan doktrin sa a, nou oblije rejete li, paske nou pa kwè ke kwayans sa a bibliik.

An nou gade dezyèm doktrin nan!

## Kont-Milenè



(Figi 2)

Doktrin sa a anseye ke rèy milenè a pap fèt tout bon vre. Moun sa yo kwè ke Jezi pap vini gouvènen sou tè a pandan mil ane vre. Pou ou asepte doktrin sa a, genyen anpil vèsè nan Bib la ki vin pa fè sans pou ou. Pa egzanp, Ezayi di:

« *Nou gen yon ti pitit ki fenk fèt. Bondye ban nou yon gason. Se li menm ki pral chèf nou. Y'a rele l': Bon konseye k'ap fè bèl bagay la, Bondye ki gen tout pouvwa a, Papa ki la pou tout tan an, Wa k'ap bay kè poze a! Gouvènman li p'ap gen finisman. Nan peyi l'ap gouvènen an se va kè poze san rete. **L'ap chita sou fòtèy wa David la.** L'ap gouvènen peyi wa David la. L'ap fè gouvènman an byen chita, l'ap ba li bon pye paske l'ap fè sa ki dwat. Li p'ap nan patipri, depi koulye a jouk sa kaba. Se Seyè ki gen tout pouvwa a ki soti pou fè tou sa rive vre!* » (Ezayi 9:6-7)

An nou gade sa ki ekri nan liv Revelasyon.

« *Lè sa a, mwen wè yon bann fòtèy. Moun ki te chita sou fòtèy yo te resevwa pouvwa rann jijman. Anmenmtan an tou, mwen wè nanm moun yo te koupe tèt yo paske yo t'ap bay verite Jezi te fè nou konnen an ansanm ak pawòl Bondye a. Moun sa yo te refize adore ni bèt la, ni estati l' la. Yo pa t' resevwa mak bèt la sou fwon yo ni sou men yo. Yo leve soti vivan nan lanmò. **Y'ap gouvènen avèk Kris la pandan mil (1.000) an.** (Lèt mò yo pa t' leve soti vivan nan lanmò toutotan mil (1.000) an pa pase.) Se sa yo rele premie leve vivan soti nan lanmò a. Benediksyon pou moun k'ap patisipe nan premie leve vivan soti nan lanmò sa a! Yo se moun Bondye vre. Dezyèm lanmò a p'ap gen pouvwa sou yo. Yo pral sèvi Bondye ak Kris la tankou prèt. Yo pral gouvènen avè l' pandan mil (1.000) lanne.* » (Revelasyon 20: 4-6)

Moun ki kwè nan doktrin sa a, kwè nan yon ekip bagay ki pa bibliik. Yo pa kwè nan anlèvman Legliz; youn nan pi gwo pwoblèm ke yo genyen e ki vin lakòz anpil lòt pwoblèm, sè ke yo kwè ke legliz ranplase Izrayèl. Yo mete nan tèt yo ke Bondye voye Izrayèl jete e se legliz ki ranplase Izrayèl. Men kisa Pòl te ekri a kretyen women yo:

« Koulye a, m'ap mande: Eske Bondye te voye pèp li a jete? Men non. Paske mwen menm, mwen se youn moun pèp Izrayèl, yon pitit pitit Abraram. Mwen soti nan branch fanmi Benjamen. Non, Bondye pa voye pèp li te chwazi davans lan jete. » **(Women 11: 1-2)**

Li kontinye pi ba pou li di:

« Koulye a, m'ap mande: Lè jwif yo bite, èske yo te tonbe nèt. Men non. Men, lè yo tonbe a, sa penmèt moun lòt nasyon yo rive delivre. Se konsa yo tounen yon jalouzi pou jwif yo. Fòt jwif yo fè a tounen yon richès pou tout moun. Tonbe yo tonbe a, sa vin yon gwo benediksyon pou moun lòt nasyon yo. Nou pa bezwen mande ki gwo benediksyon sa va ye lè tout jwif yo va delivre! Koulye a, nou menm moun lòt nasyon yo, mwen gen sa pou m' di nou: Se apòt nou mwen ye, se vre. Mwen kontan anpil travay m'ap fè a. Men, mwen kwè konsa m'a rive eksite jalouzi moun ras mwen yo, pou m' ka delivre kèk nan yo. Wi. Si lè Bondye te mete jwif yo sou kote, sa te penmèt tout moun sou latè rive vin byen ak Bondye ankò, nou pa bezwen mande kisa va rive lè jwif yo va tounen vin jwenn favè Bondye? Se va lavi pou tout moun ki te mouri yo! » **(Women 11: 11-15)**

Li kontinye toujou:

« Frè m' yo, mwen vle fè nou konnen sekrè sa a ki vre tout bon, konsa nou p'ap mete nan tèt nou nou gen pi bon konprann pase sa. Men sekrè a: Yon pati nan pèp Izrayèl la rive gen tèt di. Men, se pa pou tout tan. Se va pou jouk tan tout moun lòt nasyon yo va fin delivre. Se konsa tout pèp Izrayèl la va delivre, dapre sa ki ekri nan Livo la: Moun k'ap wete lèzòm anba esklavaj la, se nan Siyon l'ap soti. L'ap wete tout mechanste pitit pitit Jakòb yo, voye jete byen lwen. » **(Women 11: 25-26)**

## Pre-Milenè



(Figi 3)

Doktrin sa a anseye ke Jezi ap tounen pou Li vin etabli wayòm Li sou tè a. Rèy la ap dire pandan mil an. Se doktrin sa a ke Bib la bay plis sipò.

Nan vèsè ke nou li anvan yo, nou wè ke yo sipòte doktrin sa a ki anseye ke Jezi ap vin gouvènen sou latè pou yon peryòd de mil (1000) ane. Genyen anpil pwofèt ki pwofetize de epòk sa a ki gen pou rive a.

*« Yon tan gen pou rive! Lè sa a, mòn kote tanp lan ye a va pi wo pase tout lòt mòn yo. L'ap kanpe byen wo nan mitan mòn yo. Moun va soti an kantite toupatou vin sou li. Anpil moun lòt nasyon va vini, y'a di: Ann ale sou mòn Seyè a! Ann ale nan tanp Bondye pèp Izrayèl la! L'a moutre nou jan li vle nou viv la. Konsa, n'a mache nan chemen l'a mete devan nou an. Paske, Seyè a rete sou mòn Siyon an, l'ap bay lòd li. Seyè a rete lavil Jerizalèm, l'ap pale ak pèp li a. L'ap regle kont nasyon yo gen yonn ak lòt, l'ap sèvi jij pou gwo peyi ki byen lwen. Y'ap pran mato, y'ap fè zam yo tounen zouti pou travay tè. Y'ap fè nepe yo tounen sèpèt. Nasyon yo p'ap fè lagè yonn ak lòt ankò. Yo p'ap janm aprann fè lagè ankò. Tout moun va viv ak kè poze anba tonèl rezen yo, anba pye fig Frans yo. Pesonn p'ap chache yo kont. Sa se pawòl ki soti nan bouch Seyè a! » (Miche 4:1-4)*


Miche tap pwofetize de rèy milènè a; se yon tan kap genyen lapè sou tout latè. Tout gwo zam ke lèzòm te fè pou destriksyon yo pral tounen zouti pou fè bon travay. Ezayi te pwofetize de tan sa a tou!

*« Bèt nan bwa ak mouton va viv ansanm. Tig pral kouche menm kote ak jenn kabrit. Jenn ti bèf ak jenn ti lyon pral manje ansanm. Lèfini, se yon timoun ki pral okipe yo. Manman bèf ak manman lous va manje ansanm nan menm savann. Ti bèf ak ti lous va jwe ansanm. Lyon va manje zèb tankou bèf. Ti bebe nan tete va jwe devan twou koulèv. Timoun fèk sevre va lonje men yo nan bouch twou sèpan san anyen p'ap rive yo. Pesonn p'ap fè mechanste. Pesonn p'ap fè sa ki mal sou*

*mòn ki apa pou Bondye a, sou mòn Siyon an! Paske kè tout moun nan peyi a pral plen konesans Bondye, menm jan fon lanmè a plen dlo. Yon jou gen pou vini. Lè sa a, ti kreyòl ki va soti nan chouk fanmi Izayi a va kanpe tankou yon siy pou tout nasyon yo. Moun va soti toupatou pou yo vin bò kote l'. Y'a fè lwanj li nan lavil kote l' rete a. Jou sa a, Seyè a va fè wè fòs ponyèt li yon dezyèm fwa ankò. L'a delivre ti rès pèp li a, ponyen moun ki rete nan sa yo te depòte nan peyi Lasiri, nan peyi Lejip, ak nan tout peyi sa yo: Patwòs, Letiopi, Elam, Babilòn ak Amat, nan tout peyi lakòt yo ak nan tout zile yo. Seyè a pral leve yon drapo pou l' fè moun lòt nasyon yo wè li pral sanble tout moun pèp Izrayèl yo te depòte yo. L'ap ranmase tout moun pèp Jida ki te gaye toupatou sou latè yo. L'ap mennen yo tounen nan peyi yo. » (Ezayi 11:6-12)*

Doktrin "Pre-Milenè" a, se li menm ki tonbe dakò avèk pwofesi ki fèt nan Bib la. Konsa se li menm ke nou adopte kòm yon doktrin ki kanpe sou la verite.

Anvan Jezi tounen vin etabli gouvènman Li a sou tè a, genyen kèk bagay ki gen pou rive e youn nan bagay sa yo, se yon evenman ki rele: "Anlèvman Legliz".



Art By Pat Marvenko Smith Copyright 1982/1992  
1-800-327-7330 www.revelationalillustrated.com

## Twa Doktrin Sou Anlèvman Legliz.

An nou konsidere de (2) pasaj nan Bib la.

« Lèfini, Seyè a pral parèt pou li al goumen ak nasyon yo, jan li te konn goumen nan tan lontan an. Lè sa a, l'a desann kanpe sou mòn pye oliv yo, ki anfas lavil Jerizalèm, sou bò solèy leve. Mòn lan va fann de bò nèt ale, l'a fè yon fon nan mitan ki soti bò solèy leve desann bò solèy kouche: mwatye nan mòn lan va fè bò nò, lòt mwatye a va fè bò sid. N'a lonje fon an pou nou kouri chape kò nou jouk n'a rive lòt bò mòn Atsèl. N'a kouri met deyò menm jan zansèt nou yo te fè l' la lè tranblemanntè a te pase sou rèy Ozyas, wa peyi Jida a. Seyè a, Bondye nou an, va vini, l'ap mennen tout moun pa l' yo avè l'. Lè jou sa a va rive, p'ap gen limyè, p'ap fè fredyè, dlo p'ap fè glas. Se va yon jou ki p'ap tankou lòt jou yo. Ap fè klè nèt. p'ap gen lanntwit ankò. Se Seyè a sèl ki konnen lè sa va rive. Lè jou sa a va rive, bèl dlo dous pral koule soti lavil Jerizalèm. Mwatye nan dlo a ap fè yon branch larivyè desann bò solèy leve, tonbe nan lanmè Mouri a. Lòt mwatye a ap desann bò solèy kouche, tonbe nan lanmè Meditèrane a. Dlo a ap koule san rete, nan sezon fredyè kou nan sezon chalè. Lè sa a, se Seyè a ki pral sèl wa sou tout latè. Lè sa a, se li ki pral sèl Bondye pou tout moun. Se li menm ase tout moun ap konnen. » (**Zakari 14: 3-9**)

« Dapre sa Seyè a te moutre m' lan, men sa m'ap di nou: Nou menm k'ap vivan toujou lè Seyè a va vini an, nou p'ap pran devan moun ki mouri deja yo. Lè sa a, n'a tandè yon gwo lòd pase, n'a tandè vwa chèf zanj lan ansanm ak kout klewon Bondye a: epi Seyè a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te mete konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve soti vivan an premye. Apre sa, nou menm ki va vivan toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak moun ki soti vivan nan lanmò yo, y'ap mete nou sou nway yo pou n' al kontre Seyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap toujou ansanm ak Seyè a. » (**1 Tesalonik 4: 15-17**)

Si nou ta konpare de (2) pasaj sa yo, nou kapab wè ke pasaj sa yo pap pale de menm evenman an. Se de (2) evenman ki pa menm bagay ditou.

Nan premye pasaj la ki nan Zakari 14, nou li ke Seyè a desann kanpe sou mòn ki rele Mòn Oliv la. Daprè **Lik 22: 39**, mòn sa a, se yon mòn ke Jezi te toujou renmen ale ak disip yo e se sou mòn sa a tou ke Jezi te pale ak disip li yo de retou Li a ke nou jwenn nan **Matye 24** la. Zakari pwofetize ke se sou Mòn Oliv la ke Jezi ap desann lè li retounen.




Nan dezyèm pasaj la menm, nou li ke Seyè a va desann sot nan syèl, epi moun sove yo ap monte al kontre avèk Li. Seyè a ap rete anlè epi legliz ap monte ale jwenn li e se sa ke nou rele: Anlèvman Legliz la.

“Anlèvman Legliz ” se yon pwèn santral nan retou Jezi. Men se pa tout etidyan Bib la ki dakò sou tan ke lap rive pa rapò ak tribilasyon dènye nan ki pwofetize a. Menm jan ak rèy milènè a, nou jwenn genyen twa (3) doktrin nan sijè “Anlèvman Legliz ” la. Yo se:

- a) Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)
- b) Mid-Tribilasyon (mitan tribilasyon)
- c) Post-Tribilasyon (aprè tribilasyon)

## Kisa doktrin sa yo anseye?

### Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)



(Fig 6)

Doktrin “Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)” an anseye ke Anlèvman Legliz la ap fèt anvan tribilasyon an kòmanse. Le moman ke legliz monte al jwenn Jezi, tribilasyon an ap kòmanse.

Daprè doktrin sa a, anlèvman Legliz ap fèt sèt (7) ane anvan Jezi tounen sou tè a. Yo anseye tou ke anlèvman an kapab fèt a nenpòt ki moman ki vle di pa genyen okenn siy osinon pwofesi ki pou fèt anvan anlèvman an rive.

Aprè anlèvman an fin fèt, ap pral genyen sèt (7) ane tribilasyon sou tè a, men dènye twa (3) ane si (6) mwa yo ap pi red toujou. Se nan tan sa a ke antikris la ap parèt e misye ap genyen anpil pouvwa. Se nan tan sa a tou ke antikris la ap vini avèk sistèm sis san swasant sis (666) la; si ou pa genyen so antikris la sou ou, ou pap kapab ni achte, ni vann.

Doktrin ke Anlèvman Legliz la ap fèt anvan sèt (7) ane tribilasyon an baze sou gwoup vèsè sa yo:

**Jan 14:1-3**

**1 Korent 15:51-57**

**1 Tesalonik 1:10**

**1 Tesalonik 4:13-18**

**1 Tesalonik 5:9-10**


**2 Tesalonik 2:1-12**

**Rev 3:10**

Konsa tou, **Matye chapit 24**, kote ke Jezi tap pale de retou Li, doktrin “Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)” an anseye ke Jezi pa tap pale de anlèvman legliz. Daprè moun ki asepte doktrin sa a, **Matye 24** pa genyen anyen pou wè avèk legliz, se pou pèp jwif la sèlman ke **Matye 24** te ekri.

Lòt pwèn ke moun ki kwè nan doktrin sa a anseye pou montre ke legliz pap sou tè a lè tribilasyon an rive, sè ke nan liv **Revelasyon**, kòmanse nan chapit **4**, vèsè **1** ki pale de yon vizyon kote ke apòt Jan monte nan syèl la pou rive nan **chapit 19 vèsè 11** ki pale de tounen Jezi sou tè a, yo pa wè okenn mansyon de legliz nan pati ekriti sa yo. Dapre doktrin sa a, kenz (15) chapit ak dis (10) vèsè sa yo, se pwofesi tribilasyon an yo ye e yo pa wè ke legliz parèt nan pasaj tribilasyon sa yo. An plis, yo kwè ke **Revelasyon 4: 1** pou kont li, se yon prèv anlèvman legliz anvan tribilasyon an ke li ye.

### Mid-Tribilasyon (mitan tribilasyon)




(Fig 5)

Doktrin “Mid-Tribilasyon (mitan tribilasyon)” an menm anseye ke Anlèyman Legliz la ap fèt aprè premye twa (3) zan si (6) mwa tribilasyon. Sa vle di ke tribilasyon an ap dire sèt (7) ane ki egal a katreven kat (84) mwa. Dapre doktrin sa a, Anlèyman Legliz ap fèt aprè premye karant de (42) mwa tribilasyon an, egzakteman nan mitan dire tribilasyon an.

An rezime, se menm jan ak doktrin “Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)” an ke yo kwè esepite ke se nan mitan peryòd tribilasyon an ke yo kwè ke legliz ap anlve.

### Post-Tribilasyon (aprè tribilasyon)



(Fig 4)

Doktrin "Post-Tribilasyon (aprè tribilasyon)" an anseye ke Anlèyman Legliz la ap fèt aprè tribilasyon ki genyen pou rive sou tè a. Sa vle di ke Legliz ap pase anba tribilasyon an nòmman menm jan ak tout moun kap viv sou tè a.

Genyen nan moun ki asepte doktrin sa a, ki pa menm dakò ak sèt (7) ane tribilasyon an. Yo tout dakò ke legliz ap pase anba tribilasyon an men se pa yo tout ki asepte ke tribilasyon an ap dire sèt (7) ane.

Sa vle si ke legliz ap pase anba tout tribilasyon an kote bèt apokalips 13 lan ap pral genyen anpil pouvwa sou tè a. Se bèt sa a ke anpil moun rele "Antikris" la. Sa vle di tou ke legliz ap sou tè a lè sistèm 666 la ap an aksyon.

Kilès nan doktrin sa yo ki genyen sipò Bib la tout bon vre?

Pou nou konprann poukisa li enpòtan pou nou konnen kilès nan doktrin sa yo ki gen rezon, nou bezwen konprann kisa "tribilasyon" dènye tan ye.

## Tribilasyon

Tribilasyon an, se yon peryòd de tan ki va rès anpil sou tè a. Men sa Jezi di de tan sa a ki gen pou vini an:

« Paske lè sa a, va gen yon gwo lafliksyon moun poko janm wè depi nan konmansman lè Bondye t'ap kreye latè a jouk jòdi a. p'ap janm gen yon lòt tankou l' ankò. Si yo pa t' wete kèk jou sou jou sa yo, pesonn pa ta sove. Men, y'a wete sou jou sa yo poutèt moun Bondye chwazi yo. Lè sa a, si yon moun di nou: Gade, men Kris la bò isit, osinon: Men li bò la a, pa kwè li. Paske lè sa a, gen fo Kris ak fo pwofèt k'ap parèt. y'a fè anpil mèvèy ak anpil mirak pou twonpe ata moun Bondye chwazi yo, si yo ta kapab. Mwen di nou sa davans. » (Matye 24:21-25)

Nou kapab wè jan genyen mizè sou tè a. Se pa sèlman nan peyi Dayiti ke genyen mizè grangou, men se nan tout lemonn. Nan ane 2006, genyen 25 mil (25.000) moun ki mouri **pa jou** nan lemonn. Chak senk (5) segonn, genyen yon timoun ki mouri sou tè a, paske li pa jwenn anyen pou mete nan bouch li. (*Sous: FAO State of Food Insecurity in the World 2006*)

Si ou fè nouvell pou ou tande bagay kap pase nan lemonn, se bagay ki pou fè ou kriye. Gen moun ki nan soufrans akòz de gwo zam ke mesye ki genyen pouvwa yo mete nan men mechan parèy yo. Tout jounen, yap lage inosan atè, timoun kou granmoun. Gouvènman peyi Etazini an, se kraze lap kraze ti peyi ki pa genyen fòs yo. Gwo peyi yo pa vle wè ti peyi yo avanse ni pou yo genyen anyen ki rele yo pa yo. Grann pwisans yo kreye dezòd epi yo antre nan ti peyi yo pou yo vin souse tout resous ti peyi yo genyen epi yo pran pòz se ranje yo vin ranje.

Si nou ta panse avèk zafè ke yo rele esklavaj la, ou kapab panse ke nap viv nan yon monn sivilize; konsa pa genyen bagay sa a ankò. Ou twonpe ou! Dapre rechèch ki fèt, genyen anviron 27 milyon (27.000.000) esklav nan lemonn nan tan ke nap viv la a. Genyen nan esklav sa yo ke yo itilize nan nan zafè postitasyon, genyen tou ki nan travay manyèl. Moun sa yo pa genyen okenn dwa; sa mèt yo di yo fè, se li pou yo fè.

Nan zafè fòs natirèl yo, se move nouvell toujou. Tranblemanntè, tanpèt, siklòn ap fè ravaj. Nan ane 1963, yon gwo siklòn ki rele "Flora" te pase an Ayiti ak nan peyi Kiba; yo te ripòte sèt mil desan (7.200) moun mouri. Nan moman ke nap ekri pawòl sa yo, genyen yon siklòn (Nargis) ki fenk pase ( 3 Me 2008) nan yon peyi yo rele

“Myanmar”, jodi 13 Me 2008 la, yo repòte nan nouvèl ke genyen anviron swasant de mil (62.000) moun mouri osinon ke yo pa jwenn kò yo. Yè ki te douz me, genyen yon tranblemanntè ki fèt nan peyi Lachin, yo repòte douz mil (12.000) moun mouri epi dizwit mil (18.000) moun ke yo poko jwenn.

Dapre rapòt ki te bay, genyen plis ke 2 mil (2.000) ki mouri nan dlo ki te antre nan vil Gonayiv. Nan ane 2005 lan, genyen yon tranblemanntè ki fèt anba lanmè nan oseyan endyen an, sa te lakoz dlo te monte sou tè e genyen anviron 166 mil (166.000) moun ki mouri nan yon peyi ki rele Endonezi sèlman. Genyen yon lòt 50 mil (50.000) moun ki mouri nan lòt peyi vwazen yo nan menm trajedi sa a.

Nou kapab wè jan bagay yo move nan monn lan, men se poko anyen menm. Lè tribilasyon an bagay yo ap pi mal toujou. Jezi di konsa:

*« Nou pral tande lagè ap fèt toupre nou, ansanm ak nouvèl lagè k'ap fèt byen lwen. Koute sa m'ap di nou byen: nou pa bezwen pè. Paske, fòk bagay sa yo rive. Men, se p'ap ankò lafen an sa. Yon pèp pral leve goumen ak yon lòt pèp. Yon peyi va atake yon lòt peyi. Va gen anpil grangou, va gen tranblemanntè divès kote. Tou sa, se va tankou tranche anvan akouchman...» (Matye 24:6-8)*

Lè yon fanm ansent rive lè pou li akouche, li kòmanse genyen tranche. Tank lè akouchman ap avanse, doulè a vin pi rèd. Men, se lè akouchman, lè timoun nan ap sòti, doulè a pi rèd. Jezi pran egzanp sa a pou montre ke bagay yo genyen pou vin move anpil. Nap tande lagè ap fè tout kote, ap genyen grangou ak tranblemanntè; men tout bagay sa a yo se twòkèt la, chay la dèyè. Sa vle di ke tout bagay sa yo gen pou rive anvan tribilasyon an.

*« Lè sa a, y'ap pran nou, y'ap lage nou nan men moun k'ap fè nou pase touman, y'ap touye nou. Moun tout nasyon pral rayi nou poutèt mwen. Lè sa a, anpil moun pral jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche, yonn pral denonse lòt, yonn pral rayi lòt. Gen anpil moun k'ap parèt, y'ap pran pòz pwofèt yo, y'a twonpe anpil moun. Ap sitèlman gen mechanste sou latè, pifò moun yonn p'ap renmen lòt. Men, moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba, se li ki va delivre. Fòk yo gen tan mache bay bon nouvèl Peyi kote Bondye Wa a toupatou sou latè, pou tout moun ka tande mesaj la. Se lè sa a atò lafen an va rive.» (Matye 24:9-14)*

Nan liv revelasyon ke nou rele apokalips tou, Jan pale nou de epòk tribilasyon an kote ke bèt **Revelasyon 13** la ap gen pouvwa sou tout tè a. Yon lòt non ke anpil kreyen bay bèt sa a, se ”**Antikris la**”

« Apre sa, mwen wè yon bèt ki t'ap soti nan lanmè a, li te gen dis kòn ak sèt tèt. Li te gen yon kouwòn sou chak kòn. Li te gen make sou chak tèt li yo yon non ki te yon gwo jouman pou Bondye. Bèt mwen te wè a te sanble ak yon gwo chat tou jòn ak tach nwa sou tout kò li. pa t' li yo te plat tankou pa t' yon lous, bouch li te tankou bouch lyon. Dragon an ba li pouvwa li, li ba li plas chèf li te genyen an ansanm ak gwo pouvwa li t'ap egzèsè a.

Yonn nan sèt tèt yo te resevwa yon blese ki te manke touye li. Men, blese a te geri. Tout moun te sezi wè sa, yo pran swiv bèt la. Tout moun pran adore dragon an paske li te bay bèt la pouvwa li. Yo adore bèt la tou, yo t'ap di: Kilès ki tankou bèt la? Kilès ki ka goumen avè li?

Bèt la te resevwa pouvwa pou l' te di tout kalite pawòl atwogan pou joure Bondye. Yo ba l' pouvwa fè sa l' vle pandan karannde mwa. Bèt la pran pale Bondye mal, li pase non Bondye nan betiz ansanm ak kote Bondye rete a, ak tout moun ki rete nan sièl la.

Yo ba l' pouvwa pou l' fè lagè ak tout moun k'ap sèvi Bondye yo, jouk pou l' te genyen batay la. Yo ba l' pouvwa sou moun tout ras, tout peyi, tout lang ak tout nasyon. Tout moun sou latè pral adore l', sa vle di tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a depi lè Bondye t'ap kreye tout bagay la, liv ki pou ti Mouton yo te touye a.

Koute byen wi, si nou gen zòrèy pou tande! Moun ki la pou al nan prizon pral nan prizon. Moun ki la pou mouri anba kout nepe pral mouri anba kout nepe. Se poutèt sa, se pou moun Bondye yo gen anpil pasians ak konfians nan Bondye.

Apre sa, mwen wè yon lòt bèt ki soti anba tè a. Li te gen de kòn tankou kòn mouton, li t'ap pale tankou yon dragon. Li pran tout pouvwa premie bèt la pou l' te kòmande devan je li. Li fòse latè ak tout moun ki sou latè pou yo adore premie bèt ki te blese amò men ki te geri a.

Dezyèm bèt la t'ap fè anpil gwo mirak, li fè dife soti nan sièl la desann sou latè devan tout moun. Moun ki rete sou latè yo te pèdi tèt yo lè yo wè mirak yo te ba l' dwa fè devan je premie bèt la. Li mande yo pou yo fè yon estati bèt ki te blese amò ak kout nepe a men ki te byen vivan an.

Dezyèm bèt la resevwa pouvwa pou l' te fè estati premie bèt la tounen vivan. Konsa, estati a ka pale, li ka touye moun ki pa adore li. Bèt la te egzije pou tout

*moun, piti kou gran, rich kou pòv, esklav kou lib, pou yo te resevwa yon mak sou men dwat yo osinon sou fwon yo.*

*Pesonn pa t' kapab ni achte ni vann anyen si li pa t' gen mak sa a, sa vle di si l' pa t' gen non bèt la osinon nimewo ki koresponn ak non l' lan. Bagay sa a mande anpil bon konprann. Moun ki gen konprann ka resoud pwoblèm nimewo bèt la. Nimewo sa a se non yon moun li ye. Men nimewo a: sisanswasansis (666). .»*  
**(Revelasyon 13)**

Nan tribilasyon an, si you moun pa vle adore bèt la, yap mete ou nan prison osinon yo gen dwa touye ou. Yap mete yon so (666) sou men dwat osinon sou fwon tout moun ki dakò pou adore bèt la; si yon moun pa genyen so sa a, ou pap kapab ni achte, ni vann. Si ou dakò pou ou pran so 666 la, se kòm si ou te genyen viza ak tout tikè pou **lanfè**.

Konsa, tout moun ki sou tè a nan tan tribilasyon an ap bezwen pran yon desizyon. Se swa yo pran so (666) la pou yo kapab jwenn achte e vann epi ale nan lanfè osinon pase mizè men kenbe pye jezi pi fò pou yo kapab antre nan wayòm Jezi a.

Bib la anseye ke genyen anpil moun kap asepte mouri pou Jezi. Nan **Revelasyon 7: 9**, Jan di:

*« Apre sa, mwen gade ankò, mwen wè yon gwo foul moun. Pesonn pa t' kapab konte kantite ki te gen ladan li. Se te moun tout lòt nasyon, tout kalite ras, pèp tout peyi ak tout lang. Yo te kanpe la devan fòtèy la ak devan ti Mouton an. Yo te gen rad tou blan sou yo, yo te gen fèy palmis nan men yo. »*

Nan **vèsè 13 a 14**, nou li:


*« Apre sa, yonn nan granmoun yo mande mwen: Moun sa yo ki gen rad tou blan sou yo a, ki moun yo ye? Ki bò yo soti? Mwen reponn li: Se ou menm ki konnen wi, mèt mwen. Lè sa a, li di mwen: Se moun ki pase anba gwo pèsekisyon an. Yo lave rad yo, yo blanchi yo nan san ti Mouton an. »*

Se menm moun sa yo ke nou jwenn nan Revelasyon 17:9, ki li konsa:

*« Lè sa a, mwen wè yon bann fòtèy. Moun ki te chita sou fòtèy yo te resevwa pouvwa rann jijman. Anmenmtan an tou, mwen wè nanm moun yo te koupe tèt yo paske yo t'ap bay verite Jezi te fè nou konnen an ansanm ak pawòl Bondye a. Moun sa yo te refize adore ni bèt la, ni estati l' la. Yo pa t' resevwa mak bèt la sou fwon yo ni sou men yo. Yo leve soti vivan nan lanmò. Y'ap gouvènen avèk Kris la pandan mil (1.000) an. »*



Kesyon ke nou pral reponn kounye a, se "èske legliz ap sou tè a nan tan tribilasyon an.?"



## Anlèvman Legliz

Kibò nap jwenn verite a? Se nan Bib la. Menm si pi gwo pastè nan lemonn tap chwazi yonn nan doktrin sa yo, si doktrin nan pa an akò ak Bib la, pastè sa a nan manti. Si tout gwo entelektyèl ki sou tè a ta dakò ak youn nan doktrin sa yo, si doktrin nan pa an akò ak sa ke Bib la anseye, entelektyèl sa yo kanpe sou manti.

### Doktrin “Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)”

An nou gade vèsè ke moun ki anseye doktrin sa a di ke se de anlèvman legliz ke vèsè sa yo ap pale. Nou pral gade nan:

**Jan 14:1-3**

**1 Korent 15:51-57**

**1 Tesalonik 1:10**

**1 Tesalonik 4:13-18**

**1 Tesalonik 5:9-10**

**2 Tesalonik 2:1-12**

**Revelasyon 3:10**

Lis vèsè sa a, se vèsè ke moun ki di ke legliz pap pase nan tribilasyon an pran pou apiye doktrin “Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)” an. An nou gade si vèsè sa yo di ke legliz ap monte nan syèl anvan tribilasyon an vrèman vre.

1- Nan **Jan 14: 1-3**, nou li:

*« Jezi di yo: Pa kite bagay sa yo toumante nou. Mete konfyans nou nan Bondye, mete konfyans nou nan mwen tou. Lakay Papa a gen anpil kote pou moun rete. Mwen pral pare plas pou nou. Si se pa t' vre, mwen pa ta di nou sa. Lè m'a fin pare plas la pou nou, m'a tounen vin chache nou. Konsa, kote m'a ye a, se la n'a ye tou. »*

Nan twa vèsè sa yo, nou wè klèman ke Jezi pwomèt ke Lap vin chache moun pa Li yo. Li di ke Li pral pare yon plas pou yo epi Lap tounen vin chache yo. Men, nan twa vèsè ke nou li la yo, Jezi pa di ke lap vini anvan tribilasyon. Sa vle di ke si yon moun ki di ke twa vèsè sa yo montre ke legliz ap monte nan syèl anvan tribilasyon an. Map di moun sa a nan manti; twa vèsè sa yo pa di bagay konsa.

**Vèsè sa yo pa di ke Jezi ap vini anvan tribilasyon an!**

## 2- Nan 1 Korent 15: 51-57, nou li:

« M'ap devwale nou yon sekre: Se pa nou tout k'ap gen tan mouri. Men, nou tout nou gen pou n' chanje fòm nan yon ti kadè, anvan nou bat je nou, lè dènye kout klewon an va kònen. Paske, lè klewon an va kònen, moun ki te mouri deja yo va leve soti vivan pou yo pa janm mouri ankò. Apre sa, nou tout nou va chanje fòm. Paske, moun ki gen kò ki fèt pou pouri a, yo gen pou yo resevwa yon lòt kò ki p'ap ka pouri. Moun ki gen kò k'ap mouri a, yo gen pou yo resevwa yon lòt kò ki p'ap janm mouri. Lè moun ki gen kò ki fèt pou pouri a va resevwa kò ki p'ap ka pouri ankò a, lè moun ki gen kò k'ap mouri a va resevwa kò ki pa ka mouri a, lè sa a, pawòl ki ekri nan Liv la va rive vre: Pa gen lanmò ankò, nou genyen batay la nèt. Lanmò! Kote batay ou genyen an? Lanmò! Kote pouvwa ou te gen pou fè nou lapenn lan? Se peche ki bay lanmò pouvwa pou fè nou lapenn. Se lalwa a ki bay peche a tout fòs li. Men, ann di Bondye mèsì, li menm ki fè nou genyen batay la sou lanmò gremesi Jezikri, Seyè nou an! »

Nan vèsè sa yo, Pòl te devwale kretyen Korent yo yon sekre. Li te di yo ke lè dènye kout twonpèt la sonnen, moun sove ki te mouri yo ap leve an premye. Apre sa, moun vivan yo ap chanje; kò ke nou genyen kounye a gen pou li chanje pou nou vin genyen yon lòt kò. Bagay sa yo ap fèt nan mwens ke yon segonn; ou pap menm gen tan pou ou bat je ou pou chanjman sa a fèt. Kò ke nou genyen kounye a pa kapab antre nan wayòm Jezi a, se sak fè Bondye ap chanje kò nou pou Li ba nou yon lòt kò pou nou antre nan wayòm Li a.

**Men, vèsè sa yo pa di ke bagay sa yo ap fèt anvan tribilasyon an!**

## 3- Nan 1 Tesalonik 1: 10, nou li:

« Y'ap di tou jan n'ap tann Jezi, Pitit Bondye a, k'ap vini sot nan syèl la. Se Jezi sa a Bondye te leve vivan soti nan lanmò. Se li menm k'ap delivre nou anba kolè Bondye k'ap vini an. »

Moun ki anseye doktrin "Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)" yo pran yon pati nan yon vèsè pou apiye ansèyman yo a. Yo di ke se Jezi kap vin delivre nou anba kolè Bondye kap vini an, pòl vle di ke Jezi ap vin chache legliz anvan tribilasyon an. Yo di ke "kolè Bondye kap vini an" vle di "tribilasyon an."

An nou gade kèk lòt vèsè ki pale de kolè Bondye kap vini an.

« Lè Jan wè te gen anpil farizyen ak sadiseyen ki t'ap vin jwenn li pou resevwa batèm nan men l', li di yo: Bann vèmen! Ki moun ki fè nou konnen nou kapab chape anba kolè Bondye k'ap vini an? » (Matye 3:7)

« Lè sa a, nou menm jwif yo, nou te menm jan ak yo. Nou t'ap mennen lavi nou dapre egzijans lachè, nou t'ap fè kapris kò nou ak tout vye lide ki te vin nan tèt nou. Konsa, nou menm jwif, jan nou te ye a, nou te kondannen pou n' te tonbe anba kolè Bondye tankou lòt yo. Men, Bondye sitèlman gen kè sansib, li sitèlman renmen nou, li ban nou lavi ankò ansanm ak Kris la, nou menm ki te mouri akòz peche nou yo. Se yon favè Bondye fè nou lè li delivre nou. » (Efèz 2: 3-5)

Lè nou gade de pasaj sa yo, nou kapab wè ke "kolè Bondye kap vini an" pa vle di ke se tribilasyon an ke li ye. Farisyen yo ak sadiseyen yo pat vini pou Jan te batize yo pou yo pat pase nan tribilasyon an. Lè ou pran tan ou pou ou li tout chapit 1 Tesalonik 1 an, wap wè ke Pòl pa tap pale de tribilasyon kap vini anvan retou Jezi a.

## **An konklizyon, kolè Bondye kap vini an pa vle di tribilasyon an!**

### 4- Nan 1 Tesalonik 4: 13-18, nou li:

« Frè m' yo, sou keksyon moun ki mouri deja yo, mwen ta renmen nou konn verite a, pou nou pa gen lapenn tankou lòt moun yo ki pa gen espwa nan Seyè a. Menm jan nou kwè Jezi te mouri epi li te leve soti vivan ankò a, konsa tou, se pou n' kwè tout moun ki te gen konfyans nan li lè yo te mouri, Bondye va fè yo tounen ansanm ak Jezi. Dapre sa Seyè a te moutre m' lan, men sa m'ap di nou: Nou menm k'ap vivan toujou lè Seyè a va vini an, nou p'ap pran devan moun ki mouri deja yo. Lè sa a, n'a tandè yon gwo lòd pase, n'a tandè vwa chèf zanj lan ansanm ak kout klewon Bondye a: epi Seyè a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te mete konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve soti vivan an premye. Apre sa, nou menm ki va vivan toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak moun ki soti vivan nan lanmò yo, y'ap mete nou sou nwaj yo pou n' al kontre Seyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap toujou ansanm ak Seyè a. Se pou nou yonn ankouraje lòt ak pawòl sa yo. »

Se klè ke pasaj sa a ap pale de anlèvman legliz. Pòl te vle eklèsi kretyen tesalonik yo sou plan Bondye pou kretyen ki mouri anvan Jezi tounen vin chache yo. Li fè

yo konprann ke lè twonpèt la sonnen, moun mouri yo ap leve an premye epi moun ki vivan yo ap monte al kontre ak Jezi. Pasaj la pa di kibò nou prale ni li pa di ke anlèvman legliz la ap fèt anvan tribilasyon an. Gran pwèn ki fèt nan pasaj sa a, sè ke moun vivan pap pran devan moun moun mouri yo; men kretyen ki te mouri yo ap leve dabò, epi moun ki vivan ap monte ansanm avèk yo sou nwaj yo pou yal kontre ak Jezi.

## **Pa genyen anyen nan pasaj sa a ki di ke anlèvman legliz ap fèt anvan tribilasyon an!**

5- Nan **1 Tesalonik 5: 9-10**, nou li:

*« Paske, Bondye pa t' chwazi nou pou nou te tonbe **anba kòlè li**, men pou n' te ka delivore, gremesi Jezikri, Seyè nou an. Jezi te mouri pou n' te ka viv ansanm ak li. Konsa, kit nou mouri deja, kit nou vivan toujou lè la vini an, nou tout n'ap toujou ansanm ak li. »*

Ankò, menm jan nou te di anvan an, kolè Bondye pa nesesèman vle di tribilasyon denye jou yo. Nan tan Moyiz, pèp Izrayèl la te tonbe anba kòlè Bondye. Nan liv **Resansman (nombres), chapit 11 vèsè 1**, nou li:

*« Pèp la te konmanse ap plenyen nan zòrèy Seyè a jan zafè yo pa t' bon. Lè Seyè a tande sa, **li fè yon sèl kòlè, li voye dife sou pèp la**. Dife a pran nan mitan yo, li boule yon bò nan kan an nèt. »*

Nan tan Pòl, nou aprann ke kòlè Bondye te tonbe sou pèp jwif la, men sa pat vle di ke se tribilasyon denye jou a kit e rive. Nan **1 Tesalonik 2:16**, nou li:

*« Y'ap fè sa yo kapab pou anpeche m' pale ak moun ki pa jwif yo, pou moun sa yo pa sove. Konsa, yo lage kò yo nèt ale nan menm peche yo te toujou kònn fè a. Men, **koulye a kòlè Bondye tonbe sou yo**. »*

Nan **Jan 3: 36**, nou wè ke kolè Bondye vle di lanfè; Jan Batis di konsa:

*« Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo p'ap gen lavi sa a. Se **kòlè Bondye k'ap tonbe sou yo**. »*

Konsa, **1 Tesalonik 5: 9-10** mache ansanm ak Jan 3:36. Sa vle di ke Bondye pat chwazi nou pou nou te ale pase mizè nan lanfè, men pou nou te genyen lavi nan Pitit Li a, Jezi.

## **Nan pasaj sa a, kòlè Bondye pa vle di tribilasyon!**

6- **Nan 2 Tesalonik 2: 1-12**, nou li:

*« Ann konsidere lè Jezikri, Seyè nou an, va parèt pou l' sanble nou ansanm bò kote li. Frè m' yo, men sa m'ap mande nou: Pa kite pesonn twouble lespri nou fasil, ni fè nou pèdi tèt nou ak ankenn mesaj ki swadizan soti nan Bondye, ni ak ankenn bèl diskou, ni ak ankenn lèt mwen ta swadizan ekri nou, pou yo fè nou kwè jou Seyè a rive deja.*

*Pa kite pesonn twonpe nou nan ankenn jan. Paske, anvan jou sa a rive, gen yon dènye revòlt kont Bondye ki pou fèt. Nou gen pou nou wè mechan ki deja kondannen pou disparèt la vini anvan. Mechan sa a ap kanpe, l'ap pran pozisyon kont tout bagay lèzòm ap sèvi, kont tout bagay lèzòm konsidere pou Bondye. La fè, la fè, jouk la antre nan tanp Bondye a, la chita, la fè tèt li pase pou Bondye.*

*Nou pa chonje mwen te di nou sa lè m' te lakay nou toujou? Men, gen yon bagay k'ap anpeche levènman sa yo rive koulye a. Nou konnen kisa li ye: Se sak fè, mechan an p'ap parèt anvan lè li.*

*Wi, pouvwa mechan an deja ap travay anba chal. Men, anvan pou levènman sa yo rive, se pou moun k'ap ba l' baryè a disparèt. Lè sa a, mechan an va parèt. Seyè Jezi va soufle ak bouch li sou li, la touye li. L'ap annik parèt nan tout pouvwa li pou l' fini nèt ak li.*

*Mechan an va vini ak tout pouvwa Satan an. Li va fè anpil mirak, anpil mèvèy ak anpil gwo siy pou bay manti. Li va fè tout kalite bagay mal pou twonpe moun k'ap pèdi tèt yo. Y'ap pèdi tèt yo paske yo pa asepte verite ki pou ta sove yo a, yo pa renmen li.*

*Se poutèt sa, Bondye ap voye yon pouvwa k'ap travay pou egare yo pi rèd, pou yo sa kwè nan manti. Konsa, tout moun ki p'ap kwè nan verite a, ki te pran plezi yo nan fè lenjistis, yo tout pral kondannen. »*

A- Nan pasaj sa a, li sanble ke lespri kretyen Tesalonik yo te vle twouble paske bwi te kouri ke Jezi te gen tan tounen pran moun pa Li yo deja epi kretyen sa yo pat monte. Pòl te di yo pou yo pa kite kè yo twouble paske anvan jou sa a rive, genyen de (2) gwo bagay ki pou fèt. Vèsè twa (3) a di konsa:

*« Pa kite pesonn twonpe nou nan ankenn jan. Paske, anvan jou sa a rive, gen yon dènye revòlt kont Bondye ki pou fèt. Nou gen pou nou wè mechan ki deja kondannan pou disparèt la vini anvan. »*

Premye a, se yon dènye revolt ki pou fèt kont Bondye. Dezyèm nan, fòk mechan ki deja kondannan pou disparèt la vini anvan. Yon lòt non ke yo bay mechan sa a, se "**Antikris la**". Pòl di kretyen yo ke Antikris la ap vini an premye; apre sa, Jezi ap vin pran yo. Se nan peryòd tribilasyon an ke Antikris la pral fè travay li. Si Antikris la ak tribilasyon an parèt nan menm peryòd de tan, sa vle di ke Jezi ap vini apre tribilasyon an.

B- Vèsè sis (6) la, se yon vèsè ke yo di ki montre ke Legliz ap anlve anvan tribilasyon an. Vèsè a di:

*« Men, gen yon bagay k'ap anpeche levèman sa yo rive koulye a. Nou konnen kisa li ye: Se sak fê, mechan an p'ap parèt anvan lè li. »*

Pòl ekri ke gen yon bagay ki anpeche antikris la parèt e li di ankò ke kretyen tesalonik yo konnen kisa ke li ye. Moun ki kwè nan doktrin "Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)" anseye ke "bagay" ki anpeche antikris la parèt la, se Sentespri. Yo di ke fòk legliz ale ansanm ak Sentespri pou antikris la revele tèt li.

Men, pa genyen prèv ni nan pasaj sa a, ni nan okenn lòt pasaj nan Bib la ki di ke se de Sentespri ke Pòl ap pale la a. Nan lang orijinèl pasaj sa a, nou jwenn ke Pòl itilize de (2) pwonon pèsònèl pou idantifye sa kap anpeche bagay sa yo rive koulye a. Pòl itilize yon pwonon net ke nou pa jwenn nan lang kreyòl la epi li itilize yon pwonon maskilen sengilye pou li tou.

Nan tout Bib la, pa genyen yon kote ke yo itilize pwonon net la pou Sentespri. Se maskilen sengilye yo pi souvan itilize. Konsa, poukisa Pòl ta chwazi pou li itilize pwonon net la pou Sentespri a sèlman nan vèsè sa a nan tout Bib la.

C- Si Sentespri ale avèk legliz, kouman moun ap fè sove nan tribilasyon an? **Revelasyon 7: 9-17** ak **Revelasyon 20: 4** montre nou ke genyen anpil moun kap sove nan tan tribilasyon an Nan **Jan 3: 5**, Jezi di Nikodèm konsa:

*« Sa m'ap di ou la a, se vre wi: Pesonn pa ka antre nan Peyi kote Bondye Wa a si li pa fèt nan dlo ak nan **Sentespri**. »*

Pa genyen sove san batèm Sentespri. Sa vle di ke Sentespri ap sou tè a nan tan tribilasyon pou moun kapab sove. Si se pat sa, pa genyen pèsòn ki tap sove pandan epòk tribilasyon an.

D- Nou pa wè yon kote nan Bib la ki di ke batay kont satan kòm youn nan travay ke Sentespri fè dirèk. Sentespri travay nan kretyen yo pou yo pote vikwa sou satan ki se yon travay endirèk. Nou pap pran tan pou nou diskite de kilès e kisa ke Pòl ap pale nan vèsè sis (6) la, men nap ba ou kèk vèsè ki montre nou kilès ki genyen responsablite dirèk pou batay ak satan.

*Dan 10: 12-14, 20-21*

*Daniel 12: 1*

*Rev 12: 7-17*

## **Pasaj sa a pa di ke Sentespri ak legliz pap sou latè nan tan tribilasyon an!**

7- Nan **Revelasyon 3: 10**, nou li:

*« Menm jan ou te kenbe lòd mwen te ba ou lè m' te mande ou pou te pran pasians lan, konsa tou, m'a kenbe ou, m'a pwoteje ou nan malè ki pral vin sou tout latè a. Se va yon gwo eprè pou tout moun ki sou latè. »*

Vèsè sa a, se yon lòt vèsè yo di ki montre ke legliz ap anlve anvan tribilasyon an. An nou gade vèsè a nan kontèks li. Nou pral ba ou de (2) rezon ki fè ke nou pa kwè ke vèsè sa a, se de anlèvman legliz ke lap pale.

A- Nan liv Revelasyon an, te genyen sèt (7) lèt ki te ekri a sèt (7) legliz lokal. Revelasyon 3:10 ke nou sot li la a, se yon pati nan lèt ki te ekri a legliz Filadèlfi a ke li ye. Si nou gade nan **Revelasyon 2:10** ki te ekri a legliz ki nan lavil Esmen, li di konsa:

*« Ou pa bezwen pè pou sa ou pral soufri ankò. Koute, Satan pral chache sonde nou tout, li pral jete anpil nan nou nan prizon. Nou pral soufri pandan dis jou. Men, kenbe fèm menm si nou gen pou n' mouri. M'a ban nou lavi pou rekonpans. »*



Si ou pran yon pati nan lèt ki te ekri a legliz ki nan lavil Filadèlfi a pou ou di ke se de legliz inivèsèl ke lap pale. Konsa tou, fòk ou ta pran tout lòt lòt ki te ekri a lòt legliz lokal yo pou ou di ke yo pou legliz inivèsèl tou. Si se sa, legliz inivèsèl genyen pou li soufri pandan dis (10) jou, yo va jete yo nan prizon e genyen kap menm rive mouri tou dapre **Revelasyon 2:10**.

B- Sipoze ke Revelasyon 3:10 te ekri pou legliz inivèsèl, lè Jedi di konsa: « *m'a kenbe ou, m'a pwoteje ou nan malè ki pral vin sou tout latè a.* ». Sa pa nesèsman vle di ke se retire lap retire legliz sou tè a. Lè Bondye tap voye tout eprèv yo sou Faraon an ak pèp Ejip la, Bondye te pwoteje pèp Izrayèl la, men Bondye pat retire yo nan mitan pèp Ejip la. Konsa, menm nan tribilasyon an, Bondye kapab pwoteje legliz Li san ke se pa retire ke Li retire legliz sou tè a nèt.

### **Doktrin “Mid-Tribilasyon (mitan tribilasyon)”**

Doktrin sa a genyen plis konfizyon toujou. Yo divize tribilasyon an an de (2) pati; chak pati yo ap pran twazan sis mwa. Yo anseye ke se apre premye pati tribilasyon an ke legliz ap anlve, men yo pa genyen okenn vèsè dirèk ki apiye doktrin yo an. Yo di ke dezyèm pati tribilasyon an ke yo rele grann tribilasyon ap kòmanse avèk setyèm kout twonpèt ke nou jwenn nan **Revelasyon 11:15**.

An nou gade sou kisa yo baze sa yo di. Revelasyon 11: 3-12 di konsa:

*« M'ap voye de temwen m' yo ak rad sak sou yo, pou yo fè konnen mesaj Bondye a pandan mil desanswasant (1.260) jou. De temwen yo se de pie oliv ak de lanp ki kanpe la devan Mèt tout latè a. Si yon moun chache fè yo mal, dife ap soti nan bouch yo, l'ap detwi tout lènmi yo. Se konsa moun k'ap chache fè yo mal gen pou mouri. Yo gen pouvwa fèmen sièl la pou okenn lapli pa tonbe lè y'ap fè konnen mesaj Bondye a. Yo gen pouvwa tou pou yo fè dlo tounen san. Yo gen pouvwa pou yo fè tout kalite kalamite tonbe sou latè, kantite fwa y'a vle li. Lè y'a fin di sa yo gen pou di a, bèt ki soti nan gwo twou san fon an va mare batay ak yo. La kraze yo, la touye yo. Kadav yo va rete nan mitan lari gwo lavil la, kote yo te kloure Seyè a sou kwa a. Lè sa a, y'a chanje non lavil la. Y'a rele l' Sodòm osinon Lejip. Moun tout kalite ras ki soti nan tout peyi ak nan tout nasyon ki pale tout lang, va rete la ap gade kadav yo pandan twa jou ak yon demi (1/2) jounen. Yo p'ap kite moun antere yo. Tout moun ki rete sou latè pral kontan lè y'a tande de mesie yo mouri. Y'a fè fèt, y'a voye kado yonn bay lòt, paske se pa ti toumante de pwofèt sa yo pa t' toumante moun ki rete sou latè. Nan mitan katriyèm jou a, Bondye te soufle sou yo pou l' ba yo lavi. Souf Bondye a antre nan yo: yo leve vivan ankò. Tout moun ki te wè yo te pè anpil. Lè sa a, de pwofèt yo tande yon vwa soti nan*

*sièl la ki t'ap pale byen fò ak yo, li t'ap di yo: Moute bò isit. Yo moute nan sièl la sou yon nwaj devan tout lènmi ki t'ap gade yo. »*

Yo vle fè konprann ke nan vèsè douz (12) lan, lè de (2) pwofèt yo monte nan syèl la sou yon nyaj la, se anlèvman legliz ke li ye. Lè ou li tout chapit la, sa yo anseye a jis pa fè sans.

An jeneral, doktrin “Mid-Tribilasyon (mitan tribilasyon)” an anseye prèske menm bagay avèk doktrin “Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)” esepite ke legliz ap anlve nan mitan tribilasyon an, pa anvan tribilasyon an.

### **Doktrin “Post-Tribilasyon (apre tribilasyon)”**

Doktrin sa a, se li menm ki plis an akò avèk Bib la. Doktrin sa a montre klèman ke tout bagay ke Pòl di sou sijè anlèvman legliz la, se ekzakteman bagay ke Jezi te di epi lap repete yo. Nan Matye 24, Jezi pale de retou li; Li pale tou de siy ak bagay ki gen pou rive anvan li tounen. Men, yo pa kapab jwenn okenn vèsè pou yo di ke Jezi te anseye ke legliz ap anlve anvan tribilasyon. Yo di ke se yon mistè ki te revele sèlman ak Pòl.

Men, nan Matye 24, Jezi montre tout bagay sou retou li; se sèlman kèlke ti detay ke Pòl eklèsi pou nou pa egzanp: lè Jezi tounen, moun vivan pap devanse mò yo.



An nou gade sa Jezi di nan **Matye 24**.

1 Jezi soti nan tanp lan, li tapral fè wout li lè disip li yo pwoche bò kote li. Yo t'ap fè l' wè ki jan tanp lan te byen bati.

2 Men li di yo: Nou wè tout bagay sa yo! Sa m'ap di nou la a, se vre wi. Yon lè p'ap gen de wòch k'ap rete kanpe yonn sou lòt. Tou sa pral kraze nèt vide atè.

3 Jezi te chita sou mòn Oliv la. Disip li yo te pou kont yo avèk li. Yo pwoche bò kote l', yo mande li: Manyè di nou kilè sa va rive? Di nou ki siy ki va fè nou konnen lè w'ap vini an, lè tan sa a va fini nèt?



Lè nou koumanse depi nan **Matye 23**, nou wè ke Jezi te nan tanp lan e Li te pale avèk twa gwoup diferan.

Nan **Matye 23: 1-12**, Jezi te pale ak disip li yo ansanm avèk yon foul moun.

Nan **Matye 23: 13-36**, Jezi te pale ak dirètè lalwa yo avèk farizyen yo.

Finalman, Nan **Matye 23: 37-39**, Jezi te pale ak lavil Jerizalèm.

Lè nou rive nan **Matye 24**, nan premye vèsè a, nou wè Jezi kap soti nan tanp lan epi disip yo tap montre Jezi jan tanp lan te byen bati; men Jezi te bay nèg yo yon repons ki pat fè nèg yo plezi ditou. Li di yo: « *Nou wè tout bagay sa yo! Sa m'ap di nou la a, se vre wi. Yon lè p'ap gen de wòch k'ap rete kanpe yonn sou lòt. Tou sa pral kraze nèt vide atè.* »

Vèsè twa (3) a montre nou Jezi ak mesye yo sou mòn Oliv la. Men konvèsasyon an pat fini nan vèsè de (2) a. Matye pa kontinye ak konvèsasyon ki te fèt lè ke yo tap kite tanp lan; men, si ou ale nan **Lik 21: 5-36**, wap kapab kontinye li konvèsasyon ki te fèt pandan Jezi ak mesye yo tap kite tanp lan ki te yon konvèsasyon ki te fèt an piblik. Men, pita, disip yo te vini kote Jezi an prive pou yo te poze Li kèk kesyon sou menm sijè ke yo te koumanse pale anvan an e ke nou jwenn nan Matye 24 koumanse nan vèsè 3.

An nou eseye konprann kesyon mesye yo te poze Jezi a. Pou koumanse Jezi te di yo:

*« Nou wè tout bagay sa yo, yon jou, p'ap gen de wòch k'ap kanpe yonn sou lòt. Tou sa pral kraze nèt vide atè. » (Lik 21:6)*

Lè Jezi di yo ke tanp lan genyen pou li kraze, ann gade kesyon disip yo:

*« Yo mande li: Mèt, kilè sa va rive? Kisa ki va fè nou konnen lè tout bagay sa yo prèt pou rive? » (Lik 21:6)*

Yon bagay ki nòmal, mesye yo mande kilè ke tanp lan pral kraze a? Yo te mande Jezi tou ki siy kap fè yo konnen lè ke tanp lan pral kraze? Jezi di mesye yo yon bann bagay ke nou jwenn nan rès pasaj Lik 21 an; men, mesye yo te nan fènwa, yo pat kapab rive konprann bagay sa yo. Apre sa a, lè yo rive sou mòn Oliv, memwa mesye yo tou frèch ak tout bagay ke Jezi te sot di yo ke nou jwenn nan Lik 21 an, yo vin kote Jezi pou Jezi te kapab eklèsi bagay ke li te di yo.

\*\*\* Enpòtan: **Lik 21: 12-24** akonpli deja nan ane swasanndis (70) yo.

Nan **Matye 24: 3**, nou jwenn de (2) kesyon:

1- *Manyè di nou kilè sa va rive?*

2- *Di nou ki siy ki va fè nou konnen lè w'ap vini an, lè tan sa a va fini nèt?*



Nan premye kesyon an disip yo bezwen konnen kilè ke tout bagay ke Jezi di yo nan Lik 21 an va rive. Nan Lik 21, Jezi te pale yo sou jan bagay yo gen pou vin di sou latè; ap genyen grangou, tribilasyon, tranblemanntè, fo pwofèt. Mesye yo konnen ke Jezi te vini pouli te vin etabli wayom li; konsa, yo te bezwen konnen kilè ke tout move bagay sa yo pral rive.

Dezyèm kesyon an enpòtan pou nou konprann. Mesye yo mande pou Jezi ba yo siy kap fè yo konnen lè Jezi ap vini, lè tan sa a va fini nèt. Yo pat mande Jezi siy lè Jezi ap tounen paske yo pat konnen ke Jezi te genyen pou Li te ale okenn kote. Nan dènye manje ke yo tap manje ansanm anvan lanmò Jezi, an nou li yon konvèsasyon ke mesye yo te genyen ak Jezi, nap koumanse ak pawòl Jezi:

*« Talè konsa nou p'ap wè m'; talè konsa n'a wè m' ankò. Kèk disip li yo pran pale, yonn t'ap di lòt: Sa sa vle di sa l'ap di nou la a: Talè konsa nou p'ap wè m', talè konsa n'a wè m' ankò? Sa l' vle di la a: Paske mwen pral jwenn Papa a? Kisa sa vle di menm: Talè konsa? Nou pa konprann sa l' vle di. » (Jan 16: 16-18)*

Nou wè ke menm lavèy lanmò Jezi a, mesye yo pat konprann ke Jezi ta pral kite yo. Menm apre lanmò Jezi, moun Jezi yo pat konprann ke Jezi tap pral resisite. Lè Mari Magdala te rive nan kavò a, li pat jwenn kò Jezi; li pat panse ke Jezi te gen tan resisite, men kisa li te fè.

*« Li kouri, li al jwenn Simon Pyè ansanm ak lòt disip Jezi te renmen an, li di yo: Yo wete Seyè a kote l' te ye nan kavò a. Nou pa konn kote yo mete li. » (Jan 20: 2)*

Men sa nou li nan pi ba nan pasaj la:

*«(Disip yo pa t' ankò konprann sa ki te ekri nan Liv la kote yo te di Jezi te gen pou l' te leve soti vivan pami mò yo.) » (Jan 20: 9)*

Nou pran tout vèsè sa yo pou nou kapab konprann kesyon ki poze nan **Matye 24: 3** a. Lè disip yo mande siy lè Jezi ap tounen, yo pa tap panse avèk retou Jezi paske yo pat konnen ke Jezi te genyen pou Li ale nan syèl apre pou Li tounen sou tè a. Kesyon an poze paske yo konnen ke Jezi se mesi a ke Li ye e se Li menm ki pral gouvènen pèp Izrayèl la. An plis nan konvèsasyon ki te fèt nan **Lik 21: 27**, Jezi di:

*« Menm jan an tou, lè n'a wè bagay sa yo rive, nou mèt konnen Gouvènman Bondye ki Wa a toupre. »*

Lè Bondye te rejete wa Sayil, nou wè ke Bondye te voye pwofèt Samyèl al mete oksyon sou David pou David te kapab vini wa pèp Izrayèl la. Men, atout ke Samyèl te gen tan vide lwil sou tèt David kòm wa ke Bondye te chwazi a, li te pran yon bon valè tan anvan David te chita sou twòn nan kòm wa Izrayèl. (**1 Samyèl 16**) Se menm jan tou, disip yo konnen ke Bondye te chwazi Jezi kòm wa deja, se sèlman lè a ki pat ankò rive pou Li te monte sou twòn nan pou Li etabli gouvènman Bondye a. Konsa, yo te bezwen konnen kilè ke Jezi ta pral etabli gouvènman, kilè ke Jezi tap vini sou pouvwa a.

Konsa, kesyon sa a: *«Di nou ki siy ki va fè nou konnen lè w'ap vini an, lè tan sa a va fini nèt? »* vle di: Ban nou siy kilè wap etabli gouvènman Bondye a kote ke tout bagay ap chanje. Se yon tan ke anpil pwofèt yo te pale sou li e pèp Izrayèl te toujou an atant pou tan sa a. Mesye yo te konprann ke se yon bagay ki ta pral fèt tan yo te vivan an. Yo pat konnen ke Jezi te genyen yon travay pou yo; toutotan travay sa a pa fin fèt, Bondye pap etabli gouvènman an.

4 Jezi reponn yo: Atansyon pou pesonn pa twonpe nou.

5 Paske, anpil moun va vini sou non mwen, y'a di se yo menm ki Kris la. y'a twonpe anpil moun.

Premye siy Jezi bay mesye yo, se anpil moun ki va vini kap di se yo menm ki Kris la. Sa vle di se yo menm ke Bondye voye pou vini etabli wayòm nan. Genyen anpil moun vrèman vre ki vini e ki di ke se yo menm ki Kris la. Genyen ladan yo ki mouri, genyen ki vivan; men Bib la di nou pou nou pa kwè tout moun ki di ke Lespri Bondye sou yo. Nan **1 Jan 4: 1**, nou li:

*« Mezanmi, nou pa bezwen kwè tout moun k'ap di yo gen Lespri Bondye a. Men, se pou n' sonde yo pou nou wè si lespri yo genyen an soti nan Bondye vre. Paske, gen yon bann fo pwofèt ki gaye toupitou sou latè a. »*

Genyen anpil moun ke nap jwenn sou wout nou ki genyen Lespri Bondye a sou yo, men se pa tout; konsa, fòk nou sonde yo. Men si yon moun di ke se li menm ki Kris la, se rete lwen moun sa a.

6 Nou pral tande lagè ap fèt toupre nou, ansanm ak nouvèl lagè k'ap fèt byen lwen. Koute sa m'ap di nou byen: nou pa bezwen pè. Paske, fòk bagay sa yo rive. Men, se p'ap ankò lafen an sa.

Dezyèm siy Jezi bay se lagè ki va genyen sou tout latè, men Jezi bay yo yon avètisman, li di yo ke bagay sa yo ap rive, men se pap ankò lafen. Genyen moun

ki panse ke avèk tout gwo zam ki genyen nan lemonn, nenpòt kilè youn nan gran pwisans yo kapab detwi latè. Men se pa vre! Jezi di ke lagè pa vle di lafen dimonn.

7 Yon pèp pral leve goumen ak yon lòt pèp. Yon peyi va atake yon lòt peyi. Va gen anpil grangou, va gen tranblemanntè divès kote.

8 Tou sa, se va tankou tranche anvan akouchman.

Jezi bay de (2) lòt siy ankò. Non sèlman ap genyen lagè, ap genyen grangou epi ap genyen tranblemanntè tou. Men se pap ankò lafen; sa se twòkèt la, chay la dèyè. Sa vle di ke bagay yo pral vini pi grav toujou.

9 Lè sa a, y'ap pran nou, y'ap lage nou nan men moun k'ap fè nou pase touman, y'ap touye nou. Moun tout nasyon pral rayi nou poutèt mwèn.

10 Lè sa a, anpil moun pral jwenn okazyon pou yo tonbe nan peche, yonn pral denonse lòt, yonn pral rayi lòt.

Nap rive nan yon pwen kote ke yo pral lage moun Jezi yo nan prison, yo va touye yo. Lemonn ap rayi kretyen yo paske se moun Jezi ke yo ye. Moun rayi moun pou nenpòt ki rezon, men rayisman sa a ap fèt paske se moun Jezi ke yo ye. Yo pral denonse moun ki kretyen yo. Si nou raple nou, nan ane 86-87, nan dechoukaj makout, anpil makout te jete rad makout yo pou te fè konprann ke yo pat makout. Se menm jan an tou, ap genyen anpil moun ki te konn vin legliz, men ki pat janm kretyen vre ki pral denonse vrè kretyen yo. Gen moun ki gen dwa pat menm kretyen menm e si yon moun pa vle wè li, moun sa a gen dwa al denonse li kòm kretyen. Bagay yo ap vin terib anpil pou kretyen yo.

11 Gen anpil moun k'ap parèt, y'ap pran pòz pwofèt yo, y'a twonpe anpil moun.

12 Ap sitèlman gen mechanste sou latè, pifò moun yonn p'ap renmen lòt.

Yon pwofèt se yon moun kap di sa ke Bondye di li pou li di. Ap genyen anpil moun kap parèt e yo va pale nan non Bondye. Men moun sa yo pa pwofèt Bondye vre, se fo pwofèt ke yo ye e genyen anpil moun ki va kwè nan yo. Moun ki renmen mirak yo ap pral swiv fo pwofèt yo tou dwat nan lanfè. Bib la pale de yon fo pwofèt kap genyen nan dènye jou yo.

« Dezyèm bèt la t'ap fè anpil gwo mirak, li fè dife soti nan sièl la desann sou latè devan tout moun. Moun ki rete sou latè yo te pèdi tèt yo lè yo wè mirak yo te ba l' dwa fè devan je premie bèt la. Li mande yo pou yo fè yon estati bèt ki te blese amò ak kout nepe a men ki te byen vivan an. » **(Rev 13:13-14)**

Dezyèm bèt la gen yon lòt non ki se « fo pwofèt la » e li pral travay men nan men ak premye bèt la ke anpil moun konnen sou non: « antikris la ». Jan ekri ke fo pwofèt la va twonpe anpil moun avèk mirak li yo. Pi plis ankò, ap genyen plis rayisman sou tè a sitèlman ap genyen mechanste. Nou kapab wè mechanste ki genyen nan lemonn kounye a, va genyen pi plis toujou.

13 Men, moun ki va kenbe fèm jouk sa kaba, se li ki va delivre.

Kretyen yo ap bezwen kenbe fèm nan tout tribilasyon sa yo. Yon moun ki kenbe fèm pap chanje pozisyon. Lè tribilasyon an di tout bon, kretyen an ap toujou kenbe fèm, lap kontinye renmen Bondye, lap kontinye fè byen ak pwochen li menm jan ak anvan. Pòl te ekri:

« Pou fini, chache fòs nou nan lavi n'ap mennen ansanm ak Seyè a ak nan gwo pouvwa li. Pran mete sou nou tout kalite zam Bondye ban nou pou nou ka kenbe tèt anba riz Satan. Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k'ap gouvenen nan fènwa ki sou latè a. Se poutèt sa, depi koulye a, pran tout zam Bondye bay yo. Konsa, **lè move jou a va rive**, n'a ka kenbe tèt ak lènmi an. Lè batay la va fini nèt, n'a kanpe la byen fèm nan pozisyon nou toujou. » **(Efèz 6: 10-13)**

Sa ke Pòl vle nou konprann, sè ke menm tribilasyon an, se yon batay espartyèl ke li ye. Ou pap kapab genyen batay sa a ak zam materyèl. Nan **Efèz 6: 14-18**, ou kapab jwenn lis tout zam kretyen yo bezwen genyen.

14 Fòk yo gen tan mache bay bon nouvèl Peyi kote Bondye Wa a toupatou sou latè, pou tout moun ka tande mesaj la. Se lè sa a atò lafen an va rive.

Yon bagay ke kretyen yo neglije anpil, se evanjelizasyon. Travay ke tout kretyen sipoze ap fè se anonse Bòn Nouvèl la toupatou kote yo pase. Toutotan levanjil la poko preche toupatou soulatè, lafen an poko ap rive. Nan **Mak 16: 15-16**, Jezi pase disip li yo yon lòd, Li di yo:

« Ale toupatou sou latè, anonse Bon Nouvèl la bay tout moun. Moun ki kwè epi ki resevwa batèm va delivre. Men, moun ki pa kwè va kondannen. »



Jezi te pale pawòl sa yo apre ke Li te leve sòti vivan nan tonbo a. Yon ti moman anvan Jezi monte ale nan syèl, disip yo te poze li yon kesyon e se pat premye fwa ke yo te pran sijè sa a avèk Jezi. Nan **Travay 1: 6-9**, nou li:

« Lè sa a, moun ki te reyini bò kot Jezi yo pran mande li: Mèt, èske se koulye a ou pral mete gouvènman pèp Izrayèl la sou pye l' ankò? Jezi reponn yo: Nou pa bezwen konnen ki jou ni ki lè sa va fèt. Se Papa a ki fikse dat la li menm, pou kont li. Men, lè Sentespri a va desann sou nou, n'a resevwa yon pouvwa. **Lè sa a, n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè.** Apre li fin di yo sa, li moute nan syèl. Antan yo t'ap gade li, yon nwaj vin bouche l' devan je yo. »

Se menm kesyon ki te poze nan **Matye 24:3**; disip yo te enterese ak gouvènman Bondye a ke Jezi ap vin etabli an, repons Jezi ba yo a, se evanjelize, anonse Bòn Nouvèl la. Toutotan levanjil la pa fin preche sou tout latè, Jezi pap vin etabli wayòm Li an.

15 Pwofèt Danyèl te pale sou bagay nou pa ta renmen wè a, bagay k'ap bay gwo lapenn lan. Enben, nou gen pou nou wè bagay sa a chita kote ki rezève nan tanp lan apa pou Bondye. (Se pou moun k'ap li a chache konprann.)

16 Lè sa a, tout moun ki nan peyi Jide pral blije sove al nan mòn.

17 Moun ki va sou tèt kay yo, yo p'ap bezwen antre pran zafè yo nan kay la.

18 Moun ki nan jaden pa bezwen tounen lakay yo al pran rechanj.

19 Lè sa a, se p'ap de doule pou fanm ansent ak nouris yo.

20 Lapriyè Bondye pou jou n'a gen pou n' kouri a pa rive ni nan tan frede, ni yon jou saba.

21 Paske lè sa a, va gen yon gwo lafliksyon moun poko janm wè depi nan konmansman lè Bondye t'ap kreye latè a jouk jòdi a. p'ap janm gen yon lòt tankou l' ankò.

22 Si yo pa t' wete kèk jou sou jou sa yo, pesonn pa ta sove. Men, y'a wete sou jou sa yo poutèt moun Bondye chwazi yo.

Jezi fè referans ak yon bagay ke pwofèt Danyèl te pale sou li ke nou jwenn nan **Danyèl 9: 26-27**.

*« Apre sèt fwa swasanndezan sa yo, yo pral touye chèf Bondye te chwazi a san rezon. Yon lòt chèf ap vini sot byen lwen, l'ap detwi lavil la ansanm ak Tanp lan. Tout bagay pral rete konsa, y'ap fini tankou lè gwo dlo desann. Lè sa a, pral gen lagè ak ravaj jan Bondye te pare l' la. Chèf sa a pral siyen yon kontra solid avèk anpil lòt pèp pandan sètan. Men, sou twazan sis mwa l'ap fè yo sispann touye bèt ak fè ofrann pou Bondye. **Yo pral mete bagay nou pa ta renmen wè a, bagay k'ap bay gwo lapenn lan chita byen wo nan Tanp lan.** L'ap rete la jouk moun ki va mete l' la a va kontre ak bout li, jan Bondye pare sa pou li a. »*

Nou wè menm bagay pale nan **Danyèl 11: 31-32**.

*« L'ap voye sòlda nan lame li yo vin fè mete Tanp lan nan kondisyon pou moun pa ka sèvi Bondye ladan l' ankò. Y'ap aboli ofrann bèt yo te konn fè chak jou a, **y'ap mete sa nou pa ta renmen wè a, bagay k'ap bay gwo lapenn lan chita byen wo nan Tanp lan.** Wa a ap fè moun ki te deja vire do yo bay kontra Bondye a pran pozisyon pou li, l'ap pran tèt yo ak bèl patwòl. Men, moun k'ap sèvi Bondye yo ap kanpe fèm, y'ap kenbe tèt avè l'. »*

Danyèl pale de menm bagay sa a tou nan **Danyèl 12: 11-12**.

*« Si ou konte depi lè yo va aboli ofrann bèt ki pou fèt chak jou a, **pou yo mete bagay nou pa ta renmen wè a, bagay k'ap bay gwo lapenn lan, kanpe nan Tanp lan,** w'ap jwenn mil desankatrevendis (1290) jou ki gen pou pase. Ala bon sa pral bon pou moun ki va kenbe fèm jouk mil twasantrannsenk (1.335) jou sa yo va fin pase! »*

Genyen anpil moun ki di ke Pòl te ekri sou menm bagay sa a; men se pa tout moun ki dakò ke Pòl tap pale de menm bagay la nan **2 Tesalonik 2: 3-4**:

*« Pa kite pesonn twonpe nou nan ankenn jan. Paske, anvan jou sa a rive, gen yon dènye revòlt kont Bondye ki pou fèt. Nou gen pou nou wè mechan ki deja kondannen pou disparèt la vini anvan. Mechan sa a ap kanpe, l'ap pran pozisyon kont tout bagay lèzòm ap sèvi, kont tout bagay lèzòm konsidere pou Bondye. La fè, la fè, jouk la antre nan tanp Bondye a, la chita, la fè tèt li pase pou Bondye. »*

Jezi di ke se lè sa a, bagay yo pral di nan peyi Izrayèl. Tout moun pral oblije pran bwa pou yo pou yo al kache. Men poutèt moun chwazi yo, Bondye ap wete sou jou sa yo.

23 Lè sa a, si yon moun di nou: Gade, men Kris la bò isit, osinon: Men li bò la a, pa kwè li. 24 Paske lè sa a, gen fo Kris ak fo pwofèt k'ap parèt. y'a fè anpil mèvèy ak anpil mirak pou twonpe ata moun Bondye chwazi yo, si yo ta kapab. 25 Mwen di nou sa davans. 26 Se pou si yo di nou: Gade, men l' nan dezè a, nou pa bezwen ale. Osinon, si yo di nou: Gade, men l' kache bò isit la, nou pa bezwen kwè yo. 27 Menm jan zèklè a fè yan, li klere tout syèl la depi bò solèy leve jouk bò solèy kouche, se konsa Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l' vini. 28 Kote kadav la va ye a, se la votou yo va sanble.

Ap genyen anpil fo kris ak fo pwofèt ki va parèt; Jezi di ke si yo di nou men Li bò isit osinon lòt bò, se pa vre. Jezi pap tounen vin flannen sou tè a konsa; Lè Jezi tounen, tout latè ap wè lè lap tounen. Li pap tounen an kachèt kote ke pou moun pral bezwen chèche konnen kote ke Li ye.

29 Kou jou lafliksyon sa yo fin pase, solèy la p'ap klere ankò, lalin lan p'ap bay limyè l' ankò, zetwal yo va soti tonbe nan syèl la. Pouvwa yo ki nan syèl la va pran tranble.

30 Lè sa a, n'a wè siy nan syèl la k'ap fè nou konnen Moun Bondye voye nan lachè a ap tounen. Lè sa a, tout nasyon ki sou latè va pran kriye. y'a wè Moun Bondye voye nan lachè a ap vini anwo nwaj yo nan syèl la, avèk pouvwa, nan mitan yon bann bèl bagay.

Sa ke Jezi di la, se menm bagay ke pwofèt yo te ekri ki genyen pou rive nan gran jou Bondye a. Nan **Jowèl 2: 30-31**, nou li:

« M'apral fè mèvèy parèt nan syèl la ak sou latè a. Va gen san, dife ak gwo nwaj lafimen. **Solèy la pral vin tou nwa, lalin lan pral vin wouj kou san anvan jou Seyè a va rive. Aa! Se va yon gwo jou, yon jou k'ap fè moun tranble.** »

Nan **Ezayi 13:9-10**, nou li:

« Jou Seyè a ap rive. Seyè a ap san pitye, l'ap fè gwo kòlè, l'ap move anpil. L'ap fè tè a tounen yon dezè, l'ap disparèt dènye moun k'ap fè sa ki mal! Tout grenn zetwal nan syèl la, tout zetwal Oryon yo p'ap klere ankò. **Solèy la ap tou nwa lè li leve, lalin lan menm p'ap klere ankò.** »

Nan **Travay 2: 19-20**, apot Pyè fè referans ak pwofesi ke nou sot li nan liv Jowèl la:

*« Mwen pral fè mèvèy parèt anwo nan syèl la, mwen pral fè mirak anba sou latè! Va gen san, dife ak gwo nwaj lafimen. Solèy la pral vin tou nwa. Lalin lan pral vin wouj kou san, anvan jou Mèt la rive. Se va yon gwo jou, yon bèl jou tou! »*

Nan liv Revelasyon, Jan wè menm bagay sa yo lè Mouton an ki se Jezikri kase sizyèm so an:

*« Apre sa, mwen wè ti Mouton an kase sizyèm sele a. Lè sa a, yon gwo tranblemanntè fèt, solèy la vin tou nwa, tankou yon gwo moso twal nwa byen pwès. Lalin lan menm te vin tou wouj tankou san. Zetwal yo menm t'ap sot nan sièl la tonbe sou latè, tankou fig Frans tou vèt k'ap tonbe lè gwo van ap souke pie fig la. Tout wa sou latè, chèf, kòmandan, moun rich, grannèg ansanm ak tout lòt moun, kit yo esklav, kit yo lib, yo tout al kache nan twou wòch ak dèyè gwo wòch nan mòn yo. Yo t'ap pale ak mòn yo ansanm ak wòch yo tankou ak moun. Yo t'ap di yo: Tonbe sou nou. Kache nou pou moun ki chita sou fòtèy la pa wè nou, pou kòlè ti Mouton an pa tonbe sou nou. Paske, gwo jou kòlè a rive. Ki moun ki ka kenbe tèt avèk li? » (Revelasyon 6: 12-13)*

Imedyatman aprè tribilasyon an, gen yon seri de gwo bagay ki pral pase. Solèy la ak lalin nan pap klere ankò, Zetwal yo ap tonbe epi bagay tout kretyen yo ap tann depi byen lontan an ap rive.

Yon siy ap parèt nan syèl la e tout moun ap wè siy sa a; tout moun ap konnen kisa siy sa a vle di paske moun ki pat asepte Jezi yo pral pran perèz, yap koumanse kriye, yap mande pou lanmò pran yo; men sa pap itil yo anyen.

**Jezi gen tan sou wout ap vini sòti nan syèl la, avèk pouvwa, nan mitan yon bann bèl bagay.**

*31Gwo klewon an va sonnen, la voye zanj li yo nan kat kwen latè pou sanble tout moun Bondye te chwazi yo, depi yon bout nan syèl la jouk nan lòt bout la.*

Twonpèt la ap sonnen epi Jezi ap voye zanj Li yo sou tè a pou sanble tout moun sove yo e se sa ke nou rele «Anlèvman Legliz la »

Se de menm kout twonpèt sa a ke Pòl pale nan **1 Korent 15: 52** ki di:

«Anvan nou bat je nou, lè dènye kout klewon an va kònen. Paske, lè klewon an va kònen, moun ki te mouri deja yo va leve soti vivan pou yo pa janm mouri ankò. Apre sa, nou tout nou va chanje fòm. »

Pòl pale de kout twonpèt la tou nan **1 Tesalonik 4:16-17** ki li konsa:

« Lè sa a, n'a tande yon gwo lòd pase, n'a tande vwa chèf zanj lan ansanm ak **kout klewon Bondye a**: epi Seyè a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te mete konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve soti vivan an premye. Apre sa, nou menm ki va vivan toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak moun ki soti vivan nan lanmò yo, y'ap mete nou sou nway yo pou n' al kontre Seyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap toujou ansanm ak Seyè a. »

Moun ki kwè nan doktrin "Pre-Tribilasyon (anvan tribilasyon)" yo vle fè konprann ke Pòl te anseye ke anlèvman legliz ap fèt anvan tribilasyon e Jezi menm tap pale de retou li aprè tribilasyon an. Ekzplikasyon sa a pa fè sans paske Pòl di: « lè dènye kout klewon an va kònen » (**1 Korent 15: 52**).

Si dènye kout klewon Pòl ap pale fèt anvan tribilasyon, kout klewon Jezi ap pale menm ap fèt apre tribilasyon, kisa li ye li menm? Pa janm genyen anyen aprè dènye. Pa kapab kenyen yon lòt kout klewon aprè dènye kout klewon an.

Nou wè ke ni Jezi, ni Pòl tap pale de menm evenman anlèvman legliz la kap fèt apre tribilasyon a. Lè nou pran tout vèsè yo nan konteks yo san nou pa mete panse lèzòm ladan yo, se klè ke se apre tribilasyon an ke legliz ap anlve.

An nou gade yon lòt pasaj ki montre nou ke legliz ap pase nan tribilasyon an. Nap gade **Revelasyon 20: 4-6** ki di sa jan te wè aprè retou Jezi. Li di konsa:

« Lè sa a, mwen wè yon bann fòtèy. Moun ki te chita sou fòtèy yo te resewa pouvwa rann jijman. Anmenmtan an tou, mwen wè nanm moun yo te koupe tèt yo paske yo t'ap bay verite Jezi te fè nou konnen an ansanm ak pawòl Bondye a. Moun sa yo te refize adore ni bèt la, ni estati l' la. Yo pa t' resewa mak bèt la sou fwon yo ni sou men yo. Yo leve soti vivan nan lanmò. Y'ap gouvènen avèk Kris la pandan mil (1.000) an. (Lòt mò yo pa t' leve soti vivan nan lanmò toutotan mil (1.000) an pa pase.) Se sa yo rele **premiè leve vivan soti nan lanmò a. Benediksyon pou moun k'ap patisipe nan premiè leve vivan soti nan lanmò sa a!** Yo se moun Bondye vre. Dezyèm lanmò a p'ap gen pouvwa sou yo. Yo pral sèvi Bondye ak Kris la tankou prèt. Yo pral gouvènen avè l' pandan mil (1.000) lanne. »

Jan te wè nanm moun ki te refize adore bèt la; moun sa yo pat pran mak 666 sou fwon yo osinon sou men yo. Sa vle di ke moun sa yo te pase nan tribilasyon an. Pasaj la di ke moun sa yo te patisipe nan **premye rezireksyon an**. Si moun sa yo te pase nan tribilasyon epi yo patisipe nan premye rezireksyon an, sa vle di ke lè twonpèt la sonnen epi mò nan Kris yo ap leve an premye jan Pòl te ekri nan **1 Tesalonik 4:16-17**, se aprè tribilasyon ke sa ap fèt.

Pou fini, moun ki di ke Pòl te anseye yon anlèvman legliz ke Jezi li menm pat anseye nan manti. Si nou ta konpare sa ke Pòl di sou anlèvman legliz nan liv **1 Tesalonik** ak sa ke Jezi te di nan **Matye 24**, nap wè ke se menm bagay ki di nan pasaj yo. An nou fè yon ti konparezon pou nou wè sa ki di nan pasaj sa yo.

	<b>Pòl</b>	<b>Jezi</b>
<b>Jezi tounen</b>	Dapre sa Seyè a te moutre m' lan, men sa m'ap di nou: Nou menm k'ap vivan toujou <b>lè Seyè a va vini an</b> , nou p'ap pran devan moun ki mouri deja yo. <b>(1 Tes 4:15)</b>	Lè sa a, n'a wè siy nan syèl la k'ap fè nou konnen <b>Moun Bondye voye nan lachè a ap tounen. (Matye 24:30a)</b>
<b>Pa an kachèt</b>	Lè sa a, <b>n'a tande yon gwo lòd pase, n'a tande vwa chèf zanj lan</b> ansanm ak kout klewon Bondye a: epi Seyè a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te mete konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve soti vivan an premye. <b>(1 Tes 4:16)</b>	<b>Menm jan zèklè a fè yan, li klere tout syèl la depi bò solèy leve jouk bò solèy kouche</b> , se konsa Moun Bondye voye nan lachè a gen pou l' vini. <b>(Matye 24:27)</b>
<b>Kout klewon</b>	Lè sa a, n'a tande yon gwo lòd pase, n'a tande vwa chèf zanj lan ansanm ak <b>kout klewon</b> Bondye a: epi Seyè a menm va desann sot nan syèl la. Moun ki te mete konfyans yo nan Kris la lè yo te mouri, se yo ki va leve soti vivan an premye. <b>(1 Tes 4:16)</b>	<b>Gwo klewon an va sonnen</b> , la voye zanj li yo nan kat kwen latè pou sanble tout moun Bondye te chwazi yo, depi yon bout nan syèl la jouk nan lòt bout la. <b>(Matye 24:31)</b>
<b>Moun Bondye yo</b>	Aprè sa, nou menm ki va	Gwo klewon an va sonnen,

<b>rasanble</b>	vivan toujou lè sa a, y'ap vin pran nou, nou menm ansanm ak moun ki soti vivan nan lanmò yo, y'ap mete nou sou nwaj yo pou n' al kontre Seyè a anwo a. Konsa, nou tout n'ap toujou ansanm ak Seyè a. <b>(1 Tes 4:17)</b>	<b>la voye zanj li yo nan kat kwen latè pou sanble tout moun Bondye te chwazi yo, depi yon bout nan syèl la jouk nan lòt bout la. (Matye 24:31)</b>
<b>Pa genyen moun ki konnen kilè</b>	Frè m' yo, mwen pa bezwen ekri nou pou m' fè nou konnen ni ki lè, ni ki jou bagay sa yo gen pou rive. <b>(1 Tes 5:1)</b>	Men, pesonn pa konnen <b>ni ki jou, ni ki lè sa va rive</b> , pa menm zanj yo ki nan syèl la, pa menm Pitit la. Sèl Papa a konn sa. <b>(Matye 24:36)</b>
<b>Konpare ak yon vòlò kap vini lannwit</b>	Nou menm nou konn sa byen: Jou Seyè a gen pou l' vin sou nou tankou yon vòlò k'ap vin nan mitan lannwit. <b>(1 Tes 5:2)</b>	Se yon bagay nou tout dwe konnen: Si mèt kay la te konnen kilè <b>nan lannwit lan vòlò a t'ap vini</b> , li ta veye, li pa ta kite l' kase kay la. <b>(Matye 24:43)</b>
<b>Konpare ak doulè tranche</b>	Lè n'ap tandè moun ap di: Gen lapè toupatou, tout bagay byen sou kontwòl, se lè sa a, san nou pa atann, n'ap wè kòlè Bondye a tonbe sou yo pou detwi yo. Se <b>tankou lè doulè tranche sezi yon fanm ansent</b> . p'ap gen chape pou yo. <b>(1 Tes 5:3)</b>	Tou sa, se va <b>tankou tranche anvan akouchman. (Matye 24:8)</b>

Nou kapab wè ke anpil fwa, Pòl te itilize ekzakteman menm pawòl ke Jezi te itilize yo pou pale de retou Jezi a. Genyen anpil gwo pastè, anpil entelektyèl ak anpil legliz ki anseye ke «Anlèvman Legliz » ap fèt anvan tribilasyon an. Men, nou pa wè sa nan Bib la vrèman vre. Dapre tout vèsè ke nou wè yo, Legliz ap anlve apre tribilasyon an e anvan gwo batay ki rele « Batay Amagedon » an.

## Batay Amagedon An

### Nap gade nan Revelasyon 19: 11-19

« 11 Apre sa, mwen wè sièl la louvri, epi o! yon chwal blan parèt. Yo te rele moun ki sou li a: Nonm serie ki pa nan bay manti. L'ap jije, l'ap mennen batay la jan sa dwe fèt.

12 Je l' yo klere tankou flanm dife. Li te gen yon bann kouwòn sou tèt li. Li te gen yon non ekri. Se li menm sèl ki te konnen non sa a, pesonn dòt pa t' konnen li.

13 Li te gen yon rad benyen nan san. Yo rele l' pawòl Bondye.

14 Lame ki nan sièl la t'ap swiv li. Yo tout te moute sou chwal blan, yo te abiye ak bèl rad twal fen, byen klere, byen pwòp.

15 Yon nepe byen file t'ap soti nan bouch kavalie a. Se ak nepe sa a li t'ap frape nasyon yo. Li t'ap mennen yo ak yon baton fè. Li t'ap kraze rezen yo nan moulen diven gwo kòlè Bondye ki gen tout pouvwa a.

16 Sou rad li ak sou janm li yo te ekri non sa a: Wa tout wa yo, Chèf tout chèf yo.

17 Apre sa, mwen wè yon zanj kanpe nan solèy la. Li t'ap pale ak tout zwezo k'ap vole nan sièl la, li t'ap di yo byen fò: Vini. Nou tout, sanble pou gwo manje resepsyon Bondye a.

18 vin manje viann wa yo ak viann jeneral yo, viann sòlda yo, viann chwal yo ansanm ak viann kavalie yo, viann tout moun, esklav kou lib, piti kou gran.

19 Apre sa, mwen wè bèt la ansanm ak wa latè yo ak tout lame pa yo. Yo te sanble pou yo te ka goumen kont moun ki te moute sou chwal la ak tout lame pa l' la.

20 Yo fè bèt la prizonie ansanm ak fo pwofèt ki te fè anpil mirak devan l' lan. Se avèk mirak sa yo li te rive twonpe moun ki te resewa mak bèt la, ki t'ap adore estati l' la. Yo jete bèt la ak fo pwofèt la tou vivan nan gwo letan dife kote y'ap boule soufla.

21 Nepe ki t'ap soti nan bouch moun ki te moute sou chwal la te touye tout lòt yo. Tout zwezo yo te manje viann plen vant yo. »



Pasaj sa a pale nou de gwo batay ki gen pou fèt lè Jezi tounen pou Li vin etabli wayòm Li sou tè a. Se nan gwo batay sa a ke Jezi ap kraze tout lame ki te kanpe kont pèp Izrayèl la. Jezi ap parèt sou yon chwal blan avèl lame selès la kap swiv li. Bèt la ap genyen ansanm avèk li wa latè yo ak lame pa yo tou; men, Jezi deja genyen batay la. Yap jete bèt la ak fo pwofèt la tou vivan nan letan dife ke yo rele lanfè a.

**Zakari 14: 1-5** ba nou lòt detay sou evenman sa a:

*« 1 Gade! Men jou jijman Seyè a ap rive! Jou sa a, yo pral piye lavil Jerizalèm. Yo pral separe tou sa yo pran ladan li la devan je nou.*

*2 Seyè a pral sanble tout nasyon yo pou y' al fè lagè ak lavil Jerizalèm. Y'ap pran lavil la, y'ap piye tout kay yo, y'ap fè kadejak sou medam yo. Yo pral depòte mwatye nan moun yo. Men, rès pèp la ap rete nan lavil la.*

*3 Lèfini, Seyè a pral parèt pou li al goumen ak nasyon yo, jan li te konn goumen nan tan lontan an.*

*4 Lè sa a, l'a desann kanpe sou mòn pye oliv yo, ki anfas lavil Jerizalèm, sou bò solèy leve. Mòn lan va fann de bò nèt ale, l'a fè yon fon nan mitan ki soti bò solèy leve desann bò solèy kouche: mwatye nan mòn lan va fè bò nò, lòt mwatye a va fè bò sid.*

*5 N'a lonje fon an pou nou kouri chape kò nou jouk n'a rive lòt bò mòn Atsèl. N'a kouri met deyò menm jan zansèt nou yo te fè l' la lè tranblemanntè a te pase sou rèy Ozyas, wa peyi Jida a. Seyè a, Bondye nou an, va vini, l'ap mennen tout moun pa l' yo avè l'.* »

Mòn ki rele « Mòn Pye Oliv yo » se yon mòn ki espesyal pou Jezi. Jezi te toujou genyen abitud al dòmi e priye sou mòn sa a lè Li te sou tè a (**Lik 21:37, 22:39**). Se sou mòn sa a tou ke Jezi te pale disip yo de retou Li a ke nou jwenn nan **Matye 24**. Se sou menm mòn sa a ke Jezi ap desann lè Li tounen.

Jezi ap parèt a tan pou Li sove lavil Jerizalèm ak pèp jwif la. Pèp jwif la ki se yon pèp Bondye chwazi se yon pèp ki pase anpil mizè. Nan ane swasanndis (70) yo, anviron karant (40) ane aprè kris la te monte nan syèl, gouvènman women an ki te genyen anpil pouvwa sou tout tè a te kraze e boule lavil Jerizalèm. Yo te pran pèp jwif la, yo te egzile yo toupatou nan lemonn. Te toujou genyen yon valè ki te rete men yo te chanje non peyi a; yo pat rele li Izrayèl ankò, yo te rele li Palestin. Pèp Izrayèl la te gaye nan yon bann lòt peyi.

Depi yon pèp kite peyi li, li ale nan yon lòt peyi, genyen yon bagay ki fèt. Pèp sa a vin pèdi idantite li. Aprè yon valè tan pèp sa a vin mete li menm jan ak lòt pèp kote yo ye a. Si ou pran yon ayisyen ki ale nan peyi Etazini, lè li fè pitit, timoun sa a se sitwayen ameriken ke li ye; apre de twa jenerasyon, yo pa nan zafè ayisyen ankò, yo vin entegre yo ak peyi kote yo ye a.

Pèp jwif la te gaye toupatou sou latè san yon peyi ki rele yo pa yo pou prèske mil nèf san (1900) ane. Se nan dat 14 Me 1948, aprè anpil demach ke yon gwo mirak te fèt. Peyi zotobre yo te dakò pou bay jwif yo yon kote ki rele yo pa yo. Bagay pat ankò janm fèt nan listwa lemonn.

Nan **Ezayi 66: 8**, nou li pwofesi sa a:

*« Ki moun ki janm tande koze konsa? Ki moun ki janm wè bagay konsa? Eske yon sèl jou kont pou fè tout yon nasyon? Eske lapoula yo ka fè tout yon nasyon? Mòn Siyon an p'ap soufri anpil anvan nasyon an fèt. »*

14 Me 1948, nasyon Izrayèl la pran nesans ankò epi pèp jwif la te kòmanse tounen nan peyi yo. Men yo pat genyen lapè. Yon jou apre ki se 15 Me, senk (5) peyi arab (Ejip, Lasiri, Irak, Liban, Jòdan) ki pa vle wè pèp jwif deklare lagè kont yo. Depi lè sa a, toujou genyen konfli kap kontinye nan peyi sa a.

Genyen yon pi gwo konfli ki pral genyen kote ke se Jezi menm kap vini batay pou pèp Izrayèl la. Se va pi gwo batay nan listwa lemonn kote ke bèt la ak patizan li yo ap vini pou kraze pèp sa a. Lè sa a, twonpèt la ap sonnen epi Jezi ap desann pou li kraze tout lènmi sa yo epi pou wayòm Bondye a etabli sou tè a kote ke se Jezi li menm ki va chite sou twòn David la pou li gouvènen pèp Izrayèl la.

## Antikris

Lè nou tandè mo « **antikris** » la, kisa ki vin nan lespri nou. Prèske tout moun ta kapab panse avèk yon mechan ki genyen pou vini bay pwoblèm sou tout latè. Lap vini avèk so « 666 » la kote ke pa genyen pèsonn kap kapab achte ni vann si li pa genyen so sa sou li. Men, si nou ta vle ale sou jan ke Bib la anseye sijè sa a, se pa sa ke nou jwenn.

Mo « **antikris** » la parèt nan Bib senk (5) fwa. Se apòt Jan ki itilize mo sa a nan epit ke li te ekri yo. Se Jan ki ekri liv Revelasyon tou, men li pa itilize mo « **antikris** » la nan liv sa a pa menm yon sèl fwa. Nou jwenn mo « **antikris** » la twa (3) fwa nan 1 Jan 2; yon (1) fwa nan 1 Jan 4; epi yon (1) fwa nan 2 Jan 1. nou pral gade pasaj sa yo an fransè ak kreyòl paske nan Bib kreyòl la, yo tradi mo « **antikris** » la pa « **moun k'ap goumen ak Kris la** »

Nan pasaj 1 Jan 2, vèsè 18 a 22, nou jwenn nan Bib fransè a:

*« Petits enfants, c'est la dernière heure, et comme vous avez appris qu'un **antéchrist** vient, il y a maintenant plusieurs **antéchrists**: par là nous connaissons que c'est la dernière heure. Ils sont sortis du milieu de nous, mais ils n'étaient pas des nôtres; car s'ils eussent été des nôtres, ils seraient demeurés avec nous, mais cela est arrivé afin qu'il fût manifeste que tous ne sont pas des nôtres.*

*Pour vous, vous avez reçu l'onction de la part de celui qui est saint, et vous avez tous de la connaissance. Je vous ai écrit, non que vous ne connaissiez pas la vérité, mais parce que vous la connaissez, et parce qu'aucun mensonge ne vient de la vérité.*

*Qui est menteur, sinon celui qui nie que Jésus est le Christ? Celui-là est l'**antéchrist**, qui nie le Père et le Fils. Quiconque nie le Fils n'a pas non plus le Père; quiconque confesse le Fils a aussi le Père. »*

Nap li menm pasaj la nan Bib kreyòl la:

*« Pitit mwen yo, dènye jou a pa lwen rive. Nou tandè yo te di nou **moun k'ap goumen ak Kris la** gen pou vini. Men koulye a, se yon **bann moun ki kanpe pou konbat Kris la**. Se sa ki fè nou konnen dènye jou a pa lwen rive ankò. Moun sa yo pa t' avèk nou tout bon, se poutèt sa yo kite nou. Si yo te avèk nou tout bon, yo ta toujou rete la avèk nou. Men, yo kite nou pou tout moun ka wè aklè yo yonn pa t' avèk nou tout bon.*

*Pou nou menm, nou te resewa Sentespri Kris la te voye sou nou an, konsa nou tout nou konn verite a. Si m'ap ekri nou lèt sa a, se pa paske nou pa konn verite a non. Men, okontrè, se paske nou konnen li. Paske nou konnen pa gen manti ki ka soti nan verite a.*

*Kilès k'ap bay manti la a? Se moun ki di Jezi pa Kris la. **Moun sa a, se goumen l'ap goumen ak Kris la.** Li voye ni Papa a ni Pitit la jete. Moun ki voye Pitit la jete, li voye Papa a jete tou. Moun ki rekonèt Pitit la, li rekonèt Papa a tou. »*

Nan 1 Jan 4: 3, nou li nan Bib fransè a:

*« et tout esprit qui ne confesse pas Jésus n'est pas de Dieu, c'est celui de l'**antéchrist**, dont vous avez appris la venue, et qui maintenant est déjà dans le monde. »*

Nan Bib kreyòl la, li di:

*« Men, si yon moun refize rekonèt Jezi te yon moun tout bon, moun sa a pa gen lespri ki soti nan Bondye a. Lespri li genyen an soti nan **moun k'ap goumen ak Kris la.** Yo te di nou moun k'ap goumen ak Kris la te gen pou l' te vini. Enben, koulye a li deja nan lemonn. »*

Nan 2 Jan 1: 7, nou li nan Bib fransè a:

*« Car plusieurs séducteurs sont entrés dans le monde, qui ne confessent point que Jésus Christ est venu en chair. Celui qui est tel, c'est le séducteur et l'**antéchrist.** »*

Nan Bib kreyòl la, nou li:

*« Gen anpil moun koulye a toupato sou latè k'ap chache twonpe moun: yo pa vle rekonèt Jezikri te vin sou latè tankou yon moun tout bon. Moun nou wè k'ap fè sa, se moun k'ap twonpe moun, se **moun k'ap goumen ak Kris la.** »*

Lè nou gade pasaj sa yo, nou kapab wè ke Bib la pa pale de yon antikris, men li pale de anpil ki genyen pou vini. Ki moun ki yon antikris?

Si yon moun pa dakò ke Jezi se Kris la, sa vle di moun ke Bondye te pwomèt ki genyen pou vini an, moun sa a se yon antikris ke li ye. Si yon moun ta genyen yon espri sou li epi moun sa a ta di ke Jezi se pa pitit Bondye a ke Li ye, se yon espri antikris ki sou moun nan.

Genyen anpil relijyon ki se relijyon antikris ke yo ye. Youn ke anpil nan nou konnen se relijyon Temwen Jerova yo. Relijyon sa a pa dakò ke sa Bib la di de Jezi yo se vre; yo rive chanje sa ki ekri nan Bib la pou yo fè tradiksyon bib pa yo pou yo kontredi sa pawòl Bondye a di.

Genyen relijyon moun Mizilman yo, Boudis yo ak anpil lòt relijyon ki se relijyon antikris ke yo ye.

Genyen yon moun ke anpil kretyen konnen li sou tit « Antikris la » *osinon* « la bête » e nou jwenn youn nan pasaj ki pale sou li se Revelasyon 13.



« 1 Apre sa, mwen wè **yon bèt ki t'ap soti nan lanmè a**, li te gen dis kòn ak sèt tèt. Li te gen yon kouwòn sou chak kòn. Li te gen make sou chak tèt li yo yon non ki te yon gwo jouman pou Bondye.

2 Bèt mwen te wè a te sanble ak yon gwo chat tou jòn ak tach nwa sou tout kò li. pa t' li yo te plat tankou pa t' yon lous, bouch li te tankou bouch lyon. Dragon an

*ba li pouvwa li, li ba li plas chèf li te genyen an ansanm ak gwo pouvwa li t'ap egzèse a.*

*3 Yonn nan sèt tèt yo te resevwa yon blese ki te manke touye li. Men, blese a te geri. Tout moun te sezi wè sa, yo pran swiv bèt la.*

*4 Tout moun pran adore dragon an paske li te bay bèt la pouvwa li. Yo adore bèt la tou, yo t'ap di: Kilès ki tankou bèt la? Kilès ki ka goumen avè li?*

*5 Bèt la te resevwa pouvwa pou l' te di tout kalite pawòl awogan pou joure Bondye. Yo ba l' pouvwa fè sa l' vle pandan karannde mwa.*

*6 Bèt la pran pale Bondye mal, li pase non Bondye nan betiz ansanm ak kote Bondye rete a, ak tout moun ki rete nan sièl la.*

*7 Yo ba l' pouvwa pou l' fè lagè ak tout moun k'ap sèvi Bondye yo, jouk pou l' te genyen batay la. Yo ba l' pouvwa sou moun tout ras, tout peyi, tout lang ak tout nasyon.*

*8 Tout moun sou latè pral adore l', sa vle di tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a depi lè Bondye t'ap kreye tout bagay la, liv ki pou ti Mouton yo te touye a.*

*9 Koute byen wi, si nou gen zòrèy pou tande!*

*10 Moun ki la pou al nan prizon pral nan prizon. Moun ki la pou mouri anba kout nepe pral mouri anba kout nepe. Se poutèt sa, se pou moun Bondye yo gen anpil pasians ak konfians nan Bondye.*

*11 Apre sa, mwen wè **yon lòt bèt ki soti anba tè a**. Li te gen de kòn tankou kòn mouton, li t'ap pale tankou yon dragon.*

*12 Li pran tout pouvwa premie bèt la pou l' te kòmande devan je li. Li fòse latè ak tout moun ki sou latè pou yo adore premie bèt ki te blese amò men ki te geri a.*

*13 Dezyèm bèt la t'ap fè anpil gwo mirak, li fè dife soti nan sièl la desann sou latè devan tout moun.*

*14 Moun ki rete sou latè yo te pèdi tèt yo lè yo wè mirak yo te ba l' dwa fè devan je premie bèt la. Li mande yo pou yo fè yon estati bèt ki te blese amò ak kout nepe a men ki te byen vivan an.*

15 *Dezyèm bèt la resevwa pouvwa pou l' te fè estati premie bèt la tounen vivan. Konsa, estati a ka pale, li ka touye moun ki pa adore li.*

16 *Bèt la te egzije pou tout moun, piti kou gran, rich kou pòv, esklav kou lib, pou yo te resevwa yon mak sou men dwat yo osinon sou fwon yo.*

17 *Pesonn pa t' kapab ni achte ni vann anyen si li pa t' gen mak sa a, sa vle di si l' pa t' gen non bèt la osinon nimewo ki koresponn ak non l' lan.*

18 *Bagay sa a mande anpil bon konprann. Moun ki gen konprann ka resoud pwoblèm nimewo bèt la. Nimewo sa a se non yon moun li ye. Men nimewo a: sisanswasannsis (666). »*

Nan pasaj sa a, nou wè de (2) bèt; premye a sòti nan lanmè, dezyèm nan sòti anba tè. Anpil moun di ke premye bèt la se antikris ki gen pou vini an, men Bib la pa rele li « antikris », Bib la rele li tou senpleman « bèt la ». Bib la rele dezyèm bèt la « fo pwofèt la ».

Kesyon nou ta renmen poze, se: èske **bèt la se yon moun ke li ye?**

Repons: **Non!!!**

Lè nou jwenn yon bagay nan Bib la ke nou pa konprann, nou bezwen kite Bib la esplike tèt li. Sou pawòl sa yo, an nou gade nan Danyèl 7 ki pale nou de kat (4) bèt ke Danyèl te wè nan yon rèv.

*« 1 Nan menm lanne Bèlchaza te moute wa peyi Babilòn, Danyèl fè yon rèv, li wè yon vizyon antan li t'ap dòmi sou kabann li. Apre sa, li kouche tou sa li te wè nan rèv la sou papye. Men sa li te ekri a:*

*2 Jou lannwit sa a, mwen fè yon vizyon. Mwen wè kat gwo van yo t'ap soufle, yo t'ap boulvèsè gwo lanmè a.*

*3 Kat gwo bèt moute soti nan lanmè a, yonn pa t' sanble lòt.*

*4 **Premye bèt la te sanble ak yon lyon**, men li te gen de gwo zèl tankou malfini. Antan m'ap gade l' konsa, yo rache zèl li yo. Yo leve l', yo fè l' kanpe tankou yon moun sou pa t' dèyè l' yo. Lèfini, yo fè li gen lespri tankou moun.*

5 **Dezyèm bèt la te sanble ak yon lous** ki te kanpe panche sou yon bò. Li te gen twa zo kòt nan bouch li. Yon vwa pale avè l', li di l' konsa: -Annou wè! Manje vyann mezi ou kapab.

6 Antan m'ap gade toujou, yon lòt bèt parèt. **Li te sanble ak yon leyopa**, men li te gen kat zèl sou do li, tankou zèl zwezo. Li te gen kat tèt tou. Yo te ba li pouvwa sou tout bagay.

7 Antan m'ap gade toujou nan vizyon mwen t'ap fè jou lannwit sa a, **yon katriyèm bèt parèt**. Li te sovaj anpil. Depi ou gade l' se pou ou pè. Li te gen anpil fòs avèk gwo dan an fè. Li t'ap manje tou sa ki tonbe anba bouch li, li kraze yo ak dan li, li pilonnen rès la anba pye l'. Li pa t' sanble menm ak twa lòt bèt ki te parèt anvan l' yo. Li te gen dis kòn.

8 Antan m'ap gade kòn yo konsa, mwen wè yon lòt ti kòn tou piti k'ap pouse nan mitan yo. Li rache twa nan kòn ki te la deja yo. Ti kòn sa a te gen je tankou moun ak yon bouch ki t'ap di tout kalite pawòl awogan pou joure Bondye.

9 Mwen t'ap gade toujou, mwen wè yo ranje yon bann fotèy. Yon granmoun ki te la depi nan konmansman vin chita sou yonn nan fotèy yo. Rad ki te sou li a te blan kou koton. Cheve nan tèt li te tankou lenn mouton byen pwòp. Fotèy li a te tankou flanm dife, li te moute sou wou ki te tankou chabon dife tou limen.

10 Dife t'ap koule soti nan fotèy la devan li tankou yon larivyè. Te gen mil milye moun la ki t'ap sèvi l'. Te gen dimil milyon moun kanpe la devan l'. Tribinal la te pare pou jijman an. Yo louvri liv yo.

11 Antan mwen t'ap gade, mwen tande vwa ti kòn lan ki t'ap pale byen fò avèk awogans. Antan m'ap gade konsa, yo touye katriyèm bèt la, yo pran kada li, yo voye l' nan dife a, li boule nèt.

12 Yo wete tout otorite nan men lòt bèt yo, men yo kite yo vivan pou yon ti tan ankò.

13 Nan menm vizyon mwen t'ap fè lannwit lan, mwen wè yon fòm ki te sanble ak yon moun. Li t'ap vini sou tèt nwaj yo nan syèl la. Li pwoche bò granmoun ki te la depi nan konmansman an. Yo prezante l' ba li.

14 Yo ba li baton kòmandan an, yo ba li pouvwa ak otorite pou tout pèp sou latè, pou tout peyi, pou moun tout ras ki pale tout lang sèvi li. L'ap kòmande pou tout tan. Gouvènman li p'ap janm fini.



15 Mwen menm Danyèl, lè m' wè tout bagay sa yo, tèt mwen te boulvèse. Vizyon yo te fè m' pè anpil.

16 Mwen pwoche bò yonn nan moun ki te kanpe la yo, mwen mande l' pou l' fè m' konprann tout bagay sa yo. Se konsa li esplike m' yo.

17 Li di m' konsa: **-Kat gwo bèt sa yo, se kat wa ki gen pou parèt sou latè.**

18 Men, moun k'ap viv pou Bondye ki anwo nan syèl la pral resevwa gouvènman an nan men yo. Y'ap kenbe l' pou tout tan tout tan.

19 Apre sa, mwen te vle konnen plis sou katriyèm bèt la ki pa t' tankou twa premye yo, bèt ki te move anpil la, avèk dan an fè l' yo ak grif an kwiv li yo, bèt ki t'ap manje tou sa ki te tonbe anba bouch li, ki t'ap kraze yo ak dan l', ki t'ap pilonnen rès yo anba pye l'.

20 Mwen te vle plis esplikasyon sou dis kòn ki te sou tèt li yo ak sou ti kòn ki te parèt apre a epi ki te fè twa nan lòt kòn yo tonbe. Ti kòn sa a te gen je tankou moun ak yon bouch ki t'ap di tout kalite pawòl avogan pou joure Bondye. Li te parèt pi gwo pase tout lòt yo.

21 Antan m'ap gade konsa, mwen wè ti kòn lan pran fè lagè ak tout moun k'ap sèvi Bondye yo. Li fè yo soumèt devan li.

22 Lè sa a, granmoun ki te la depi nan konmansman an parèt. Li rann jijman an favè moun k'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. Jou a te rive pou pèp Bondye a te resevwa pouvwa a nan men yo.

23 Men esplikasyon moun lan te ban mwen: **-Katriyèm bèt la, se katriyèm gouvènman ki pral gen sou latè. Li p'ap tankou lòt yo. Li pral devore tout moun sou latè, l'ap pilonnen yo anba pye l', l'ap kraze yo.**

24 Dis kòn yo, se dis wa ki pral alatèt gouvènman sa a. Apre yo, ap gen yon lòt wa ki p'ap tankou lòt yo. L'ap jete twa nan wa yo.

25 L'ap pale Bondye ki anwo nan syèl la mal, l'ap malmennen moun k'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. L'ap fè lide chanje tout fèt ak tout prensip lalwa Bondye a. Pandan twazan sis mwa, l'ap kenbe pèp Bondye a anba men l'.

26 Apre sa, tribinal la va reyini pou rann jijman an. L'a wete pouvwwa a nan men l', l'ap kraze l' nèt, li p'ap janm chèf ankò.

27 Y'ap pran pouvwwa, otorite ak gouvènman tout gwo peyi ki sou latè yo, y'ap bay pèp k'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. Pèp sa a ap gouvènen tankou yon wa pou tout tan. Tout chèf sou latè pral sèvi li, y'ap obeyi li.

28 Se tou sa li te rakonte m'. Mwen menm Danyèl, mwen te boulvèse anpil, mwen chanje koulè. Mwen kenbe tout bagay sa yo nan kè m'. »

Nan rèv Danyèl te fè a, li te wè kat (4) bèt, vèsè 3, 4, 5 fè nou konnen ke premye bèt la te sanble ak yon **lyon**, dezyèm nan sanble ak yon **lous**, twazyèm nan te sanble ak yon **leyopa**

An nou gade sa ki Jan di de premye bèt la.

- 1- sanble ak yon gwo **chat tou jòn ak tach nwa** sou tout kò li (**leyopa**).
- 2- pa t' li yo te plat tankou pa t' yon **lous**,
- 3- bouch li te tankou bouch **lyon**.

Nou kapab wè ke bèt Jan te wè a te genyen yon pati nan chak twa (3) premye bèt ke Danyèl te wè a. An nou gade katryèm bèt Danyèl te wè a.

Li te gen anpil fòs avèk gwo dan an fè. Li t'ap manje tou sa ki tonbe anba bouch li, li kraze yo ak dan li, li pilonnen rès la anba pye l'. Li pa t' sanble menm ak twa lòt bèt ki te parèt anvan l' yo. Li te gen **dis kòn**.

Sa ki enterese nou pi plis nan bèt sa a se dis kòn yo paske bèt nan Revelasyon 13 la genyen 10 kòn tou. Bondye te voye yon pèsònaj pou vini esplike rèv danyèl la, konsa nou kapab wè kisa bèt yo ak kòn yo vle di.

## **Kisa bèt yo vle di?**

Pèsònaj la te di konsa nan vèsè 17 la:

« Kat gwo bèt sa yo, se kat *wa* ki gen pou parèt sou latè. »

Nan vèsè 23, nou li:

« Men esplikasyon moun lan te ban mwèn: -Katriyèm bèt la, se **katriyèm gouvènman** ki pral gen sou latè. Li p'ap tankou lòt yo. Li pral devore tout moun sou latè, l'ap pilonnen yo anba pye l', l'ap kraze yo. »

Nan pwofesi bibliik, bèt vle di wayòm, gouvènman osinon wa. Bèt pa reprezante yon (1) moun; sak fè li gen dwa reprezante wa, se paske wa a reprezante yon wayòm. Lè yon prezidan osinon yon wa al vizite yon lòt peyi, li reprezante tout peyi a. Si li fè kont avèk yon lòt peyi, se pa li menm ki sèlman ki nan lagè, man se tout wayòm li reprezante a ki nan lagè.

Nan vèsè 17 la, Bib la di ke bèt yo se kat wa ki gen pou parèt, ki vle di kat wayòm paske pa genyen wa san wayòm. Se sak fè nan vèsè 23 a, Bib la di ke katriyèm bèt la, se katriyèm gouvènman ki pral gen sou latè.

## **Kisa kòn yo vle di?**

Nan vèsè 20 an, Danyèl di konsa:

« Mwèn te vle plis esplikasyon sou **dis kòn** ki te sou tèt li yo ak sou **ti kòn** ki te parèt apre a epi ki te fè **twa nan lòt kòn yo** tonbe. Ti kòn sa a te gen je tankou moun ak yon bouch ki t'ap di tout kalite pawòl awogan pou joure Bondye. Li te parèt pi gwo pase tout lòt yo. »

Men esplikasyon ki te bay sou kòn yo nan vèsè 24 ak 25:

« **Dis kòn yo**, se **dis wa** ki pral alatèt gouvènman sa a. Apre yo, ap gen **yon lòt wa** ki p'ap tankou lòt yo. L'ap jete **twa nan wa yo**. L'ap pale Bondye ki anwo nan syèl la mal, l'ap malmennen moun k'ap sèvi Bondye ki anwo nan syèl la. L'ap fè lide chanje tout fèt ak tout prensip lalwa Bondye a. Pandan twazan sis mwèn, l'ap kenbe pèp Bondye a anba men l'. »

Nan zafè pwofesi, anpil moun pran pozisyon pa yo san yo pa konsidere sa ke Bib la di. Liv Danyèl ak liv Revelasyon se de (2) liv ki konekte youn ak lòt. Genyen anpil bagay ki nan liv Revelasyon ke moun di zafè pa yo sou li paske yo pa pran tan pou yo etidye liv Danyèl la.

Premye mesaj ke mwèn te tande sou Revelasyon 13 nan ane 1986, pastè a te anseye ke premye bèt la se antikris la e antikris la se te Pap Jan Pòl 2. Genyen anpil moun kounye a kap tann yon moun ki pral vini nan dènye jou yo epi se moun sa a ki ap antikris la. Dapre vèsè ke nou li yo, genyen yon bann antikris

nan monn lan deja. Si ou vle wè youn, al nan mache a epi wap jwenn kèk grenn la. Si ou pa ta vle ale nan mache a, nan legliz kote ou ye a, ou gen chans pou ou jwenn yo tou.

Genyen anpil pwofesi ki fèt nan Bib la ke nou pap rive konprann yo toutotan ke yo poko akonpli. Se pa rezon pou nou di sa ke Bib la pa di. Nou wè ke genyen anpil pwofesi ke Danyèl pat konprann, men Bondye te voye mesaj pou vin esplike yo bay Danyèl. Genyen nan pwofesi ke Danyèl te fè tou ke li menm pat konnen sa yo vle di. Nan dènye chapit nan liv Danyèl la, nou li:

*« Mwen tande sa l' te di a, men mwen pa t' konprann. Konsa, mwen mande l': - Men, mè, ki jan sa ap fini menm? Li reponn mwen: -Danyèl monchè, ou mè al fè wout ou, paske koze sa a fèt pou rete kache epi byen sele, jouk lè a va rive pou sa fini. » (Danyèl 12: 8-9)*

Lè nou pa konprann yon pasaj nan Bib la, nou pa sipoze fè pasaj la di sa ke nou vle. Si Bondye vle revele ou sa pasaj la vle di, Bondye kapab fè sa. An nou respekte pawòl Bondye a paske nan Revelasyon 22: 18-19:

*« Mwen menm Jan, men sa m'ap di tout moun ki tande pawòl Bondye ki nan liv sa a. Si yon moun mete nan pawòl sa yo anyen ki pa t' ladan l', Bondye va mete tout kalamite yo pale nan liv sa a sou chatiman li merite a. Konsa tou, si yon moun wete anyen nan pawòl Bondye ki nan liv sa a, Bondye va wete pòsyon ki ta pou li nan piebwa ki bay lavi a ak nan lavil Bondye a, nan piebwa ak lavil yo pale nan liv sa a. »*

Yon moun ki di ke bèt nan Revelasyon 13 la se « antikris » la ke li ye, moun sa a pa kanpe sou Bib la. Daprè vèsè ke nou gade yo, bèt la se pa yon sèl moun ke li ye epi se pa yon sèl antikris kap vini. Depi nan tan apòt Jan, te gen tan genyen yon bann antikris ki te gen tan parèt.

Yon bagay ke nou sèten, sè ke Jezi ap tounen, Li va kraze lenmi Li yo nan batay Amagedon an epi Bèt la ak fo pwofèt la ap fè wout lanfè pou yo. Finalman, bagay ke anpil moun tap tann nan va fèt: Jezi ap vin gouvènè sou latè pandan mil (1000) ane. Se sa ke nou rele « Rèy Milènè » a osinon « Milenyòm » nan

## Rèy Milenè

« 1 Men mesaj Bondye te bay Ezayi, pitit Amòz la, nan vizyon li te fè sou peyi Jida ak sou lavil Jerizalèm:

2 Yon tan gen pou rive! Lè sa a, mòn kote Tanp lan ye a, va pi wo pase tout lòt mòn yo. L'ap kanpe byen wo nan mitan mòn yo. Moun va soti nan tout peyi an kantite vin sou li.

3 Anpil moun lòt nasyon va mache vini. Y'a di: -Ann ale sou mòn Seyè a! Ann al nan Tanp Bondye pèp Izrayèl la! L'a moutre nou jan li vle nou viv la. Konsa n'a mache nan chemen l'ap mete devan nou an. Paske, Seyè a rete sou mòn Siyon an, l'ap bay lòd li. Li rete lavil Jerizalèm, l'ap pale ak pèp li a.

4 L'ap regle tout kont nasyon yo gen yonn ak lòt. L'ap jije tout gwo peyi yo. Y'a pran mato, y'a fè zam yo tounen zouti pou travay tè. Y'a fè nepe yo tounen kouto digo. Nasyon yo p'ap fè lagè yonn ak lòt ankò. Yo p'ap janm aprann fè lagè ankò.  
» **(Ezayi 2:1 – 4)**

« 6 Bèt nan bwa ak mouton va viv ansanm. Tig pral kouche menm kote ak jenn kabrit. Jenn ti bèf ak jenn ti lyon pral manje ansanm. Lèfini, se yon timoun ki pral okipe yo.

7 Manman bèf ak manman lous va manje ansanm nan menm savann. Ti bèf ak ti lous va jwe ansanm. Lyon va manje zèb tankou bèf.

8 Ti bebe nan tete va jwe devan twou koulèv. Timoun fèk sevre va lonje men yo nan bouch twou sèpan san anyen p'ap rive yo.

9 Pesonn p'ap fè mechanste. Pesonn p'ap fè sa ki mal sou mòn ki apa pou Bondye a, sou mòn Siyon an! Paske kè tout moun nan peyi a pral plen konesans Bondye, menm jan fon lanmè a plen dlo.

10 Yon jou gen pou vini. Lè sa a, ti kreyòl ki va soti nan chouk fanmi Izayi a va kanpe tankou yon siy pou tout nasyon yo. Moun va soti toupatou pou yo vin bò kote l'. Y'a fè lwanj li nan lavil kote l' rete a.

11 Jou sa a, Seyè a va fè wè fòs ponyèt li yon dezyèm fwa ankò. L'a delivre ti rès pèp li a, ponyen moun ki rete nan sa yo te depòte nan peyi Lasiri, nan peyi Lejip, ak nan tout peyi sa yo: Patwòs, Letiopi, Elam, Babilòn ak Amat, nan tout peyi lakòt yo ak nan tout zile yo.

12 Seyè a pral leve yon drapo pou l' fè moun lòt nasyon yo wè li pral sanble tout moun pèp Izrayèl yo te depòte yo. L'ap ranmase tout moun pèp Jida ki te gaye toupatou sou latè yo. L'ap mennen yo tounen nan peyi yo.» **(Ezayi 11:6-12)**



« 1Aprè sa, mwen wè yon zanj desann soti nan sièl la. Li te kenbe kle gwo twou san fon an nan men l' ansanm ak yon gwo chenn.

2Li pran dragon an, sèpan ki la depi lontan an, sa yo rele diab la, osinon Satan, li mete l' nan chenn pou mil (1.000) an.

3Zanj lan voye l' jete nan gwo twou san fon an, li fèmen twou a akle, epi li poze sele sou li. Konsa, dragon an p'ap kapab pran tèt nasyon yo toutotan mil (1.000) lanne pa fin pase. Apre sa, yo gen pou yo lage l' ankò pou yon ti tan.

4Lè sa a, mwen wè yon bann fòtèy. Moun ki te chita sou fòtèy yo te resevwa pouvwa rann jijman. Anmenmtan an tou, mwen wè nanm moun yo te koupe tèt yo paske yo t'ap bay verite Jezi te fè nou konnen an ansanm ak pawòl Bondye a. Moun sa yo te refize adore ni bèt la, ni estati l' la. Yo pa t' resevwa mak bèt la sou fwon yo ni sou men yo. Yo leve soti vivan nan lanmò. Y'ap gouvènen avèk Kris la pandan mil (1.000) an.

5(Lòt mò yo pa t' leve soti vivan nan lanmò toutotan mil (1.000) an pa pase.) Se sa yo rele premie leve vivan soti nan lanmò a.

6Benediksyon pou moun k'ap patisipe nan premie leve vivan soti nan lanmò sa a! Yo se moun Bondye vre. Dezyèm lanmò a p'ap gen pouvwa sou yo. Yo pral sèvi Bondye ak Kris la tankou prèt. Yo pral gouvènen avè l' pandan mil (1.000) lanne.  
» **(Revelasyon 20: 1-6)**

Pasaj sa yo pale nou de mil (1000) ane ke Jezi va gouvènen pèp Izrayèl la. Genyen relijyon ki anseye ke se pa Jezi Li menm kap gouvènen an, men se legliz ke Jezi te kite sou latè kap rive gouvènen sou tè a. Men, Bib la pa di bagay konsa. Nou kapab wè klèman nan pawòl Jezi yo ke bagay yo ap vin pi mal de jou an jou jiska ke Jezi vini. Pou yon moun ta kwè ke bagay yo ap vin pi bon, fòk moun sa se pa sou tè a ke li ye api li pa tandè okenn nouvèl tout move zak kap fèt sou tè a.

Rèy milènè a se mil (1000) ane ke Jezi ap vin gouvènen sou latè ansanm ak moun sove yo. Lè sa a, satan ap anba chenn nan yon gwo twou (li pap ankò nan lanfè), konsa li pap kapab vini tante moun pou moun fè move zak. Ap genyen lapè sou tout latè, menm bèt yo ap viv anpè. Bagay ke lèzòm pat janm te rive fè, se Jezi kap vini fè li. Ap genyen lapè, moun ap sispann touye moun; moun ap jwenn manje pou yo manje, moun ap sispann viv nan grangou pandan mil ane rèy milènè a.

Nan fen rèy milènè, satan genyen pou li lage pou li fè yon dènnye travay ki se dènnye rebelyon ki va genyen kont Bondye.

## Dènnye Rebelyon An

*« 7Lè mil (1.000) lanne yo va fin pase, y'a lage Satan soti nan prizon an.*

*8 Lè sa a, la mache twonpe tout nasyon toupatou sou latè, Gòg ak Magòg. La sanble yo pou l' ka mennen yo goumen. Y'ap anpil anpil, tankou grenn sab bò lanmè.*

*9 Yo mache sou tout latè, yo sènen kote pèp Bondye a te ye a, lavil Bondye renmen an. Men, dife desann soti nan sièl la, li disparèt yo.*

*10 Lè sa a, yo pran Satan ki te alatèt yo, yo jete l' nan lètan dife ak souf la, menm kote yo te deja jete bèt la ak fo pwofèt la. Yo pral soufri anpil, lajounen kou lannwit pou tout tan. » (Revelasyon 20: 7-10)*

Après mil (1000) ane rèy milènè a, satan va lage, li pral mache twonpe anpil moun pou yo ale goumen kont Jezi. Pasaj la di ke lap jwenn anpil moun ki va swiv li. Lèzòm tèlman mechan ke après mil ane kote ke pa genyen mizè, pa genyen lagè, pa genyen grangou, tout moun alèz; satan ap lage pou yon ti tan epi lap jwenn yon bann moun ki va swiv li. Bondye va kraze yo ak dife kap desann soti nan syèl la. Se lè sa a atò ke Bondye pral fini ak satan nèt, yap jete satan nan letan dife lanfè a.

Kounye a, se dènnye jijman ki pral fèt. Bib la rele li « Jijman gran twòn blan » an.



## Jijman Gran Twòn Blan

« 11 Apre sa, mwèn wè yon gwo fòtèy blan ak moun ki te chita sou li a. Sièl la ak tè a pran kouri devan l', yo disparèt nèt ale.

12 Apre sa, mwèn wè tout moun ki te mouri yo, gran kou piti, kanpe devan fòtèy la. Yo louvri yon bann liv. Apre sa, yo louvri liv ki gen non moun ki gen lavi yo. Yo jije tout moun mouri yo dapre sa yo te fè, dapre sa ki te ekri nan liv yo.

13 Lanmè a renmèt tout moun mouri ki te nan fon li. Lanmè ak kote mò yo ye a renmèt tout mò ki te nan men yo. Yo jije tout mò sa yo dapre sa yo te fè.

14 Apre sa, yo jete lanmè ansanm ak kote mò yo ye a nan letan dife a. (Letan dife sa a, se li menm ki dezyèm lanmè a).

15 Tout moun ki pa t' gen non yo ekri nan liv ki gen non moun ki gen lavi a, yo jete yo nan letan dife a tou. » **(Revelasyon 20: 11-15)**

Genyen 2 jijman ke nou wè. Youn se pou moun sove yo, lòt la pou moun pèdi yo.

Jijman moun sove yo pap genyen anyen pou wè ak lanfè; jijman sa a pap decide si yon moun pral nan lanfè osinon nan paradi. **Women 8:1** di konsa: « *Koulye a, nanpwèn okenn kondannasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak Jezikri.* »

Moun sove yo genyen pou yo jije pou travay yo, pou jan yo te mennnen vi yo, pou jan yo te trete frè yo, pou jan yo te kontwole lang yo. Yo pral jwenn rekonpans baze sou jan ke yo te mennnen lavi yo. Genyen kretyen ki pral resevwa kouròn pou jan yo te mennnen lavi yo. Konsa tou, genyen kretyen ki pral wont, kretyen ki pat kite sentespri gide yo, ki te bay yon bann lòt bagay enpòtans pi plis ke travay Bondye a. Nan 1 Korent 3: 12-15, nou li:

« *Gen moun k'ap sevi ak lò, osinon ak lajan, osinon ak bèl wòch ki koute chè pou bati sou fondasyon an. Gen lòt menm k'ap sevi ak bwa, ak zèb chèch, ak pay.*

*Men, se jou jijman an n'a wè ki kalite travay chak moun te bay. Se jou sa a ki va devwale kalite travay chak moun te fè. Paske jou sa a, se nan mitan dife l'ap parèt. Dife a pral sonde travay chak moun. L'ap fè wè kalite travay yo.*

*Si dife a pa boule travay yon moun bati sou fondasyon an, moun sa a ap resevwa rekonpans li.*

*Men tou, si dife a boule travay yon moun, moun sa a ap pèdi travay li.  
Men li menm, l'ap sove, tankou yon moun ki chape nan yon kay k'ap  
boule. »*

Jezi peye pou peche moun sove yo deja, konsa lanfè pa genyen pouvwa sou yo ankò. Men, moun ki pat asepte Jezi kòm sovè yo pral pase nan jijman gran twòn blan anvan ke yo lage yo nan letan dife a.

# Nouvo Tè Ak Nouvo Syèl

## Revelasyon 21:1-8

*1 Apre sa, mwen wè yon lòt sièl ak yon lòt latè. Premie sièl la ak premie latè a te disparèt. pa t' gen okenn lanmè ankò.*

*2 Apre sa, mwen wè lavil Bondye a, lòt Jerizalèm nèf lan, ki t'ap desann soti bò kot Bondye ye nan sièl la. Li te byen abiye, li te pare tankou yon lamarye ki pral kontre fiyanse li.*

*3 Mwen tande yon vwa ki t'ap soti bò fòtèy la, li t'ap di byen fò: Koulye a, kay Bondye a se nan mitan moun l'ap ye. L'ap rete nan mitan yo, lèzòm ap yon pèp pou li. Se Bondye menm k'ap viv avèk yo, li va Bondye pou yo.*

*4 Li gen pou l' cheche tout dlo nan je yo. p'ap gen lanmè ankò, yo p'ap nan lapenn ankò, yo p'ap janm plenyen ankò, yo p'ap janm soufri ankò. Tout vie bagay sa yo pral disparèt.*

*5 Lè sa a, moun ki te chita sou fòtèy la di: Koulye a, mwen fè tout bagay vin nèf. Apre sa li di mwen: Ou mèt ekri sa, paske pawòl mwen se pawòl ki vre, pawòl tout moun dwe kwè.*

*6 Apre sa li di ankò: Bon. Tout bagay fin fèt. Mwen se A ak Z, mwen se konmansman, mwen se finisman. Si yon moun swaf dlo, m'a ba li bwè dlo gratis nan sous dlo ki bay lavi a.*

*7 Se sa moun ki va genyen batay la va resevwa nan men m'. M'a va Bondye yo, y'a va pitit mwen.*

*8 Men, pou moun ki lach yo, moun ki pa kenbe pawòl yo, ansasen yo, bann moun deprave yo, moun k'ap fè maji yo, moun k'ap adore zidòl ansanm ak moun k'ap bay manti, plas yo se nan letan dife ak souf k'ap boule a yo ye. Se sa yo rele dezyèm lanmè a.*